O`zbekistan Respublikası xalıq bilimlendiriw wa`zirligi
A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Mektepke shekemgi ha`m baslawısh ta`lim fakul`teti
Mektepke shekemgi  ta`lim kafedrası

Mektepke shekemgi ta`lim  ta`lim bag`darının`
4 «g» kurs talabası

**İbraymova Kammuna Zamirovna**

# Pitkeriw qa`nigelik jumısı

Tema: **U`lken toparda ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslardı sho`lkemlestiriw forma ha`m usılları**

Kafedra baslıg`ı: ps.i.k. K.Tleumbetova

Ilimiy basshı: p.i.k. R.Alewova

No`kis - 2015

**Mazmunı**


Kirisiw. . . .. . . . .. . . .. . .. . . … . .. . .. . … . .. . … . .. . . . .. . .. . .. . .. . . .. . .. . . . .. . . . ..3-7

**I Bap. U`lken topar balalardın` pedagogikalıq-psixologiyalıq rawajlanıwın izertlewdin` teoriyalıq tiykarları**

1.1. U`lken topar balalardın` fizikalıq rawajlanıw o`zgeshelikleri . ... . . . .. .. 8-13

1.2. U`lken topar balalardın` psixologiyalıq rawajlanıwı . . .. .. . .. . . .. . .. . .14-24

**II Bap. U`lken topar balalar menen ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslardı sho`lkemlestiriwdin` mazmunı ha`m usılları**

2.1. U`lken topar balalardın` oyınına pedagogikalıq basshılıq etiw. .. .. .. . . . 25-30

2.2. Miynettin` balalar o`mirin sholkemlestiriwdegi ornı. ... . . . .. . .. .. . . . 31-36

2.3. U`lken topar balalar menen shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriw o`zgeshelikleri . . . .. .. .. . . . . . . .. . . . .. . . . . . . . .. . . . . .. . . .. . . . . .. . . 37-49

Juwmaqlaw. . .. . .. . . . . . .. .. .. . . . . . . . .. . . . .. . . . . . . . .. . . . .. . . . .. . . . .. ..50-52

Paydalanılg`an a`debiyatlar dizimi. . . .. . . . .. . .. . .. . .. . . . . . . . .. . . . . .. . .. 53-54

Qosimsha . . .. . . . . . . .. . . . . .. . . . . . .. . . . . .. . . . . . .. . . . . . . .. . . . . .. . . 55-56

# Kirisiw

**Temanın` aktuallıg`ı:** Kadrlardi tayarlawdin` milliy modelin ta`miyinlewdin` tiykarg`i maqseti, reformalastiriwdin` tu`p tiykarin islep shig`iw, yag`niy kadrlardi tayarlawdin` milliy bag`darlamasi tiykarinda u`zliksiz bilim beriwdin` du`zilisin ha`m mazmunin tu`p tiykarinan qayta islew, ekologiyaliq bilim da`rejesin jetilistiriw waziypalarin qoydi.

Prezidentimiz İslam Karimov «Biz halqımızddın` du`n`yada hesh kimnen kem bolmawı, perzentlerimizdin` bizden de ku`shli, bilimli, dana ha`m a`lbette, baxıtlı bolıp jasawı ushın barlıq ku`sh ha`m imkaniyatlarımızdı bag`darlap atırg`an ekenbiz, bul boyınsha ruwhıy ta`rbiya ma`selesi, so`zsiz, ten`i joq a`hmiyetke iye boladı»[1], dep atap ko`rsetken edi.

Solay eken, insan ta`rbiyası, onın` nızamlıqları haqqındag`ı pa`ndi u`yreniw ha`m ta`rbiya jumısların bu`gingi ku`nnin` talaplarına tiykarlanıp sho`lkemlestiriw wazıypası og`ada a`hmiyetli bolıp esaplanadı.

Ta`rbiyanı a`melge asırıw protsessin sanalı tu`rde qabıl etiw ha`m usı tarawdag`ı ta`jiriybelerdi u`yreniwge degen za`rurliktin` payda bolıwı pedagogika pa`ninin` ju`zege keliwine tiykar saldı.

Demek, ta`lim-ta`rbiya ha`mme waqıt islenetug`ın jumısqa ku`sh sarplawdı ha`m rawajlandırıwdı talap etedi.

Sol sıyaqlı, ta`lim-ta`rbiya o`zinin` ha`r ta`repleme aldıng`ı is-ta`jriybelerdi u`yrenip, a`wladqa jetkeriw, sanasına sin`diriw, bilimli ha`m ta`rbiyası jetik insandı jetilistiriwdi maqset etip qoyadı.

Prezidentimiz I.A.Karimov «Bizler perzentlerimizdin` tek g`ana fizikaliq ha`m ruwhiy salamat o`siwi, al olardin` en` zamanago`y intellektual bilimlerge iye bolg`an, ha`r ta`repleme rawajlang`an insanlar bolip, XXI a`sir talaplarina toliq juwap beretug`in na`wqiran a`wlad bolip ka`millikke jetisiwi ushin zarur barliq imkaniyat ha`m sharayatlardi jaratiwdi o`z aldimizg`a maqset etip qoyg`anbiz»[2] -degen edi.

---

[1] İ.Karimov. Yuksak ma`naviyat- engilmas kuch. – Toshkent, Ma`naviyat, 2008. – 4 bet.

[2] Асосий вазифамиз-ватанимиз тара33ийоти ва 8ал3имиз фаровонлигини янада юксалтиришдир.-Т. М1рифат азетасы,  w0q0 й, е0 январь

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde ta`lim-ta`rbiyanı – pedagog, psixolog, ta`rbiyashı a`melge asıradı, ol ta`lim-ta`rbiya protsessinde oraylıq orındı iyeleydi. Sonın` ushın, ha`r bir ta`rbiyashı – pedagog mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde ta`lim – ta`rbiya jumısların durıs sho`lkemlestiriw ushın o`z ka`sibin teren` iyelep, ha`zirgi zaman talapların tolıq a`melge asıratug`ın, metodikalıq wazıypalardı tolıq men`gerip, pedagogikalıq, psixologiyalıq tayarlıqqa iye bolıwı tiyis.

Pedagog ilimpazlarımızdın` pikirinshe, «Ta`rbiyashı bolıw ushın-ta`rbiyashının` o`zi ta`rbiyalang`an bolıwı tiyis» degen pikir ha`mmege tanıs qag`ıyda bolıp, ol ha`r bir ta`rbiyashı ushın za`rurli qag`ıyda bolıp esaplanadı.

Sonlıqtan, balalardın` ha`r ta`repleme rawajlanıwın ta`miyinlewge qaratılg`an pedagogikalıq protsess en` a`hmiyetli bolıp, ta`rbiya wazıypaların, ta`lim – ta`rbiya jumısların sho`lkemlestiriw balalar is – ha`reketlerinin` ha`r qıylı tu`rlerin shınıg`ıwlar arqalı ta`lim-ta`rbiya beriw, balalardın` erkin is-ha`reketlerin rawajlandırıw, olardın` o`z miyneti ha`m u`lkenler miyneti menen tanıstırıw arqalı a`melge asırıladı.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde ta`lim-ta`rbiya jumısların na`tiyjeli a`melge asırıw ol jerdegi pedagogikalıq protsessti, ha`r bir iskerlik tu`rin durıs sho`lkemlestiriwge baylanıslı boladı.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinin` pedagogikalıq protsessinde ta`lim a`hmiyetli orındı iyelep, ol ku`ndelikli turmısta, oyında, miynette, sabaqta a`melge asırıladı.

Sabaqta ta`lim – ta`rbiya wazıypaları ha`r ta`repleme aydınlastırıladı. Balalar do`gerek – a`tiraptag`ı turmıs ha`m ta`biyat penen tanısıw, so`ylewdi rawajlandırıw, sawat ashıw, matematika, dene-ta`rbiyası, muzıka boyınsha en` a`piwayı tu`sinik ha`m bilimlerin, iyelep aladı. Balalar iyelep alıwları kerek bolg`an bilim, uqıp ha`m ko`nlikpeler mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinin` da`sturinde, ma`mleketlik talaplar ha`m mektepke shekemgi kontseptsiyalarda belgilep berilgen bolıp, ol balalardın` ulıwma rawajlandırıwında ha`m mektep ta`lim – ta`rbiyasına tayarlawda u`lken a`hmiyetke iye.

Ta`rbiyashı – pedagog bunday ta`lim-ta`rbiya jumısların durıs sho`lkemlestirip ha`m balalar menen twwrı pedagogikalıq qarım-qatnasta bolsa, balada pikir alısıw,

o`z bilgenlerin erkin bayan etiw sezimleri tez rawajlanıp, psixologiyalıq jaqtan tolıq o`zin basqarıw mu`mkinshiligine iye boladı.

Ha`r bir bala o`zine say o`zgeshelikke iye. Ta`rbiya ha`m ta`lim arqalı shaxstı rawajlandırıw ushın  jas a`wladtın` ja`miyetlik jas o`zgesheliklerin emes, usı menen birge ruhıy o`zine say o`zgesheligi, onın` sıpatı ha`m o`zgesheliklerin biliw za`rur. Nerv sistemasının` tipi shaxstın` o`zine say o`zgesheliklerinin` tiykarı esaplanadı, tiykarg`ı nerv protsesslerinin` ku`shi, olardın` ha`reketshen`ligi usıg`an baylanıslı. O`zgesheliklerdin` belgili jıyındısı iskerlik, minez-qulıqtın` o`zine say usılın payda etedi. Analizator sistemalarının` anatomiyalıq-fiziologiyalıq o`zgeshelikleri ayrım iskerlik turlerine bolg`an o`zine say tileginin` tiykarı bolıp xızmet etedi. Ha`r bir balanın` o`zine sa`ykesligi anatomiyalıq-fiziologiyalıq qa`biletler da`rejesi ha`mde ko`leminde o`z sa`wlesin tawadı. Bul bolsa balalardı ta`rbiyalaw ha`m ta`lim beriwge jeke ta`rtipte ha`m toparlasqan ta`rizde jantasıwdı talap etedi.

Ha`r bir adamda o`zine say ta`biiy anatomiyalıq-fiziologiyalıq o`zgeshelikler menen birgelikte o`zine saykesligi ta`repten ta`kirarlanbaytug`ın turmıslık iskerlik payda boladı. Ta`rbiya ha`m ja`miyetlik ortalıq shaxstın` o`zine saykesligin qa`liplestiredi, bul bolsa qa`bilet, mu`ta`jlik, maqset, sezim, erk ha`m minez-qulıqtın` bag`darında payda boladı. Ta`rbiya ha`m ta`limde usı o`zgesheliklerdi esapqa alıw ta`rbiyashıdan balag`a ayrıqsha jantasıwdı talap etedi.

Balalardın` rawajlanıw o`zgesheliginde parıqlardın` barlıg`ı ta`rbiya teoriyası ha`m a`meliyatı ushın u`lken a`hmiyetke iye. Ta`rbiya, ta`lim, oqıtıw ayrıqsha jantasıwdın` ha`r qıylı quralları ha`m usıllarına iye bolıwı, ha`r bir balanı rawajlandırıw ushın na`tiyjeli qollanılıwı kerek.

Omirde ha`r qıylı qa`biletke iye bolg`an balalar ushraydı: geybirewlerinin` esitiw qa`bileti ju`da` jaqsı yaki yadı kushli boladı, basqalar ushın aqılıy yamasa a`meliy iskerlikke uqıplılıg`ı say boladı. Usı iskerlik turine qızıg`ıwshılıq  o`z waqtında payda bolıwı ushın ta`rbiya qa`biletlerin ilajı barınsha erterek anıqlaw ha`m belgili uqıplılıqlardı qa`liplestiriw kerek.

Shınıg`ıwlardag`ı oqıw iskerligi arqalı balalar aynala-a`tiraptag`ı ta`biyat haqqında, ja`miyetlik turmıs, insanlar haqqında bilimlerdi o`zlestirip aladı. Sonday-aq aqılıy ha`m a`meliy bilimleri ken`eyip baradı.

Eger ta`lim protsessinde 3-4 jaslı balalar dıqqatı ta`biyat, insanlar haqqındag`ı anıq da`lillerge qaratılsa, 5-6 jaslı balalarg`a ta`lim beriwde tiykarg`ı itibar za`rur baylanıslar ha`m qarım-qatnaslarg`a, olardag`ı a`piwayı tu`siniklerdi qa`liplestiriwge qaratıladı. Bular arqalı balalarda tu`sinikli oylaw rawajlanadı.

Bala shaxsın qa`liplestiriw protsessi ta`rbiya ha`m ta`lim sharayatında insaniyattın` ja`miyetlik-tariyxıy ta`jiriybesin o`zlestiriw arqalı a`melge asırıladı. Bul ha`r qıylı iskerlik tu`rlerinde ju`z beredi. Na`tiyjede bala o`zi jasap atırg`an ja`miyet sotsiallıq qarım-qatnaslar sistemasına kiredi.

Ta`lim ha`m ta`rbiya protsessinde u`lken adamlar balag`a tu`sinikli bolg`an mazmundı tan`laydı, onın` o`zlestiriliwine basshılıq etedi. Bala shaxsının` rawajlanıwında ta`rbiyanın` jetekshi roli sol menen belgilenedi. Bunda balanın` ruwhıy ha`m fiziologiyalıq imkaniyatları esapqa alınadı. Usı mu`na`sibet penen ta`rbiya protsessinin` o`zi turaqlı bolıp qalmaydı. Ol o`zgerip baradı: onın` mazmunı bayıydı ha`m quramalasadı, formaları o`zgeredi, o`sip atırg`an adam shaxsına ta`sir ko`rsetiw usılları ha`r qıylı bolıp baradı.

**Izertlew maqseti**: u`lken topar balalardın` rawajlanıw o`zgesheliklerin uyreniw

**Izertlew predmeti**: u`lken topar balalardın` rawajlanıw o`zgesheliklerin anıqlaw

**Izertlew ob`ekti:** u`lken topar balaları

**Izertlew waziypalari**:

1. Psixologiyaliq-pedagogikaliq a`debiyatlar analizin o`tkeriw;
2. ta`lim-ta`rbiya tu`siniginin` ma`nisin aship beriw;
3. Oyın u`lken topar balalardın` tiykarg`ı iskerlik tu`ri ekenligin ta`riplew.
4. Miynettin` balalar o`mirin sholkemlestiriwdegi ornın anıqlaw.
5. Izertlew barisinda aling`an mag`liwmatlardi talqilaw.

**Izertlewdin` metodologiyaliq tiykari:** O`zbekstan Respublikasinin` Konstitutsiyasi, O`zbekstan Respublikasi Prezidenti I.A.Karimov shig`armalari, O`zbekstan Respublikasi «Bilimlendiriw haqqinda»g`i Nizam, «Kadrlar tayarlaw milliy dasturi», mektepke shekemgi ta`lim mekemeleri xizmetin jetilistiriwge qaratilg`an normativ hujjetler, temag`a say ilimiy-pedagogikaliq, metodikaliq, tariyxiy, filosofiyaliq derekler.

**Izertlew metodlari.** Pedagogikaliq analiz, gurrin`lesiw, test, baqlaw, uliwmalastiriw, a`debiyatlardi analizlew, salistirw, eksperiment.

**Temanin` jan`alig`i.** u`lken topar balalardın` pedagogikalıq-psixologiyalıq rawajlanıwın izertlewdin` teoriyalıq tiykarları analizlendi, balalar menen ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslardı sho`lkemlestiriwdin` mazmunı ha`m usılları ashıp berildi.

**İzertlewdin` a`meliy a`hmiyeti.**

Mektepke shekemgi pedagogika pa`ni mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde balalardı miynetsuyiwshilikke ta`rbiyalaw say ilimiy-teoriyalıq ko`z-qaraslar menen bayıdı ha`mde usı na`tiyjelerden mektepke shekemgi ta`lim ma`kemeleri ta`lim-ta`rbiya protsessinde, mektepke shekemgi ta`lim pedagogikasında paydalanıw mu`mkin.

**Temanin` duzilisi.** Kirisiw, eki bap, juwmaqlaw, paydalanilg`an a`debiyatlar diziminen ibarat.

## I Bap. U`lken topar balalardın` pedagogikalıq-psixologiyalıq rawajlanıwın izertlewdin` teoriyalıq tiykarları

### 1.1. U`lken topar balalardın` fizikalıq rawajlanıw o`zgeshelikleri

Bul da`wirde balalardın` boyı 7-8 sm. ge o`sedi. Onın` ayaqları gewdesine salıstırg`anda tez rawajlanadı, awırlıg`ı 20-22 kg. dı quraydı. Balanın` omırtqa su`yekleri qatpag`anlıg`ı sebepli tez qıysayıp qalıwı mu`mkin. Sonın` ushın da su`yeklerdin` durıs o`siwin ta`miyinlewge ayrıqsha itibar beriw kerek. Olardın` ju`regi na`restenin` ju`regine salıstırg`anda 4-5 ese u`lkeyedi, biraq bulshıq etleri ele jetilispegen boladı. Altı jasqa shıqqanda miy qabıg`ının` nerv kletkaları rawajlanıp, awırlıg`ı ha`m sırtqı ko`rinisinen u`lken jastag`ılarg`a jaqınlasadı. Sonın` ushın da balanın` nervlerine ju`da` itibarlı qatnasta bolıw talap etiledi.

Mektepke shekemgi jastın aqırında bala skeleti bir kansha bekkemlenedi, sonın` ushın bala iyiledi ha`m sozılıp kush talap etetugın ha`r qıylı ha`reketlerdi orınlay aladı. Onın` denesi sezilerli da`rejede shıdamlı boladı: bugan ayaktın` tez o`siwi ja`rdem beredi. Na`tiyjede bul jastag`ı balanın` oraylıq awırlıg`ı kishi jastag`ı balalarga qarag`anda pa`slew jaylasadı. Ayaq ha`m qollar tek g`ana kushli bolıp qalmay, al ja`nede shıdamlı, ha`reketshen` ha`m shaqqanlaw bolıp baradı.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı balalardın` fizikalıq rawajlanıw da`rejesi sonday, olar uzaq mu`ddet seyil ete aladı, jugire aladı, sekirip artıqsha sharshamaydı, bir qansha quramalı bolg`an miynet tapsırmaları ha`m fizikalıq ta`rbiyag`a say bolg`an shınıg`ıwlardı orınlay aladı. Qol-ayaqlardın` rawajlang`anlıg`ın 5 jaslı balalardın` ha`r qıylı sekiriw qa`biletlerinde ha`m ko`rinedi: olar ba`lentlikke, uzınlıqqa, turg`an jerinen ha`m jugirip kelip (60-70 sm ge), ba`lentten pa`ske sekire aladı ha`m basqa ko`p ha`r qıylı ha`reketlerdi orınlay aladı.

Qollar ha`m sezilerli da`rejede jetilisedi, aldınnan iyelep alıng`an ha`reketlerden, ma`selen top penen ha`r qıylı ha`reketlerdi orınlaydı. Balalar onı vertikal ha`m gorizontal awhaldag`ı nıshang`a (4-5 sm aralıqtan) bir qollap ha`m eki qollap ata aladı, do`n`geleklerdi tayaqshalarg`a tusire aladı, toptı tordan asırıp ata aladı h.t.b. Balalar top penen orınlaytug`ın ha`r qıylı oyınlardı qızıg`ıp oynaydı.

Bala ha`rketlerdin` muwapıqlıg`ı, shaqqanlıg`ı ha`m anıqlıg`ı a`sirese, ta`rbiyashı balanın` ulıwma fizikalıq rawajlanıw ustinde rejeli jumıs alıp barg`anında tez o`sedi.

Balanın` tırmasıp shıg`ıw, jugiriw, sekiriw, ten` salmaqlıqtı saqlaw, top ılaqtırıw ha`m basqa ha`reket turlerin shınıg`ıw etiw, onın` ha`reketlerin tek g`ana ha`r qıylı etip qoymay, al jen`il anıq, tegis, shıraylı etip baradı.

Ku`n ta`rtibi balalardı fizikalıq ta`rbiyalawdın` za`ru`r sha`rti bolıp esaplanadı. «Balajan» tayanısh bag`darlamasında u`lken topar balalardın` ku`n ta`rtibi to`mendegishe keltirilgen[3].

| | |
|---|---|
| **7.00-7.30** | Ornınan turıw, azang`ı juwınıp-taranıw (u`yde) |
| **7.30-8.30** | Qabıl etiw, densawlıg`ın tekseriw, oyınlar, azang`ı dene ta`rbiya |
| **8.30-8.55** | Azang`ı awqat |
| **8.55-9.10** | Oyınlarg`a, shınıg`ıwlarg`a tayarlıq |
| **9.10-10.40** | Shınıg`ıwlar |
| **10.40-.11.00** | Seyilge tayarlıq |
| **11.00-12.35.** | Seyil |
| **12.35-12.50** | Seyilden qaytıw |
| **12.50-13.20** | Tu`slik |
| **13.20-15.20** | Uyqı |
| **15.20-15.50** | Uyqıdan turıw, juwınıw |
| **15.50-16.10** | Jen`il 2-tu`slik |
| **16.10-16.40** | Oyınlar, erkin ha`reket |
| **16.40-17.00** | Seyilge tayarlıq |
| **17.00-18.10** | Seyil |
| **18.10-18.20** | Seyilden qaytıw |
| **18.20-18.45** | Keshki awqat |
| **18.45-19.30** | Oyınlar, balalardın` u`yge ketiwi |
| **19.30-20.00** | Seyil (u`yde) |
| **20.00-20.30** | Tınısh oyınlar, gigienalıq emler (u`yde) |
| **20.30-6.30 (7.00)** | Tu`ngi uyqıg`a tayarlanıw (u`yde) |

Balanın` fizikalıq rawajlanıw ta`repinen o`zgergenligi, a`sirese olardın` ha`r qıylı iskerliklerinde, a`sirese ha`rketli oyınlarda anıq ko`rinedi.

Ha`reketli oyınlar baladan o`z gewdesin tuta alıw ha`m ha`rketlerin ta`rtipke salıwdı ha`mde oyın qag`ıydalarına boysınıwdı talap etedi. O`z ha`rketlerin basqarıw, olardı muwapıqlastırıw, anıqlıg`ın, kushin kadag`alaw ko`nlikpesin tek g`ana

[3] «Bolajon» Tayanch dastur. – T.: 2010 yil. 81 bet.

muskullar rawajlang`anlıg`ı esabına kiritiw jaramaydı. Bul jetiskenlikler mektepke shekemgi da`wirdin` aqırına kelip joqarı nerv iskerligi ju`z bergen u`lken o`zgerislerdi ha`m ko`rsetedi. Joqarı nerv iskerligi isindegi za`rur ozgerisler muwapıqlastırıw qa`bileti, yag`nıy sırtqı a`lemnen keliwshi ta`sirlerdi parıq etiw, sonday-aq olarg`a juwap reaktsiyaları, ma`selen, o`zinin` ha`reketi ha`m awhalları h.t.b.

Bes jaslı balalar orınlawı kerek bolg`an ha`reketlerdi anıqraq tan`laydı. Olar endi ta`rbiyashının` arnawlı ko`rsetpelersiz ko`p g`ana ha`rketlerdi erkin orınlaydı. Balalar bir katar qıyınraq harketlerdi  belgili izbe-izlikte, olardın` o`zgerisin qadag`alap ha`m o`zgertken awhalda orınlay aladı.

Balalardın` o`z ha`reketlerin basqara alıwı olardı ha`r qıylı, yag`nıy muwapıqlasqan anıq, tegis ham shıraylı orınlaw ko`nlikpeleri, a`sirese ta`rbiyashı sistemalı jumıs alıp barg`anda rawajlanadı ha`mde muzıka ha`m gimnastika shınıg`ıwlarında, balalardın` miynet tapsırmaların orınlaw waqtılarında, suwretlew iskerlikleri ha`m o`mirlerinde  payda boladı.

Bes jaslı balalar ritmdi qabıl ete aladı ha`m og`an qızıg`adı. Bir jasqa tolıw oldındag`ı balalar ha`m ritmni elementar qabıl etiwlerin ushıratıw mumkin, a`lbette. Bala o`zine tanıs ritmge ha`reketler menen  jwuap beredi. Biraq bul eliklewshilik ıqtıyarsız izbe-iz qaytarıw xarakterinde boladı. 5 jaslı balalarg`a ritmdi qabıl etiw, arnawlı mazmundı, arnawlı zatlardı biliw sıyaqlı o`zgeshelikler sa`ykes. Keyin ol ritmnin` qay jerde o`zgergenin`, onı ha`reketleri menen anıq ko`rsetip qalmay, al arnawlı zatlarda signallar ortasındag`ı ha`r qıylı aralıqlardı, uyrenilgen ritmdi qol ha`rketleri, toxtap-toxtap juriwler h.t.b. qurallar menen ha`m ko`rsetip bere aladı.

Ritmdi qabıl etiwge bolg`an qa`bilet ko`rip qabıl etiwde ha`m payda boladı, ma`selen, figuralardın` ta`kirarlanıwı ha`m birge qosılıwınan duzilgen nag`ıslardı qabıl etiw, balanın` suwretlew anıqlıq iskerliginde applikatsiya, qurıw-jasaw ha`m t.b. ha`m o`zinin` jarıq sa`ulesin tabadı.

Balanın` rawajlang`an fizikalıq imkaniyatları onın` jurisinde, stol qasında otırg`an awhaldag`ı gewdesin tutıwında, tusip ketken zattı alıw ushın en`keygeninde, jolında jatqan halda ustinen atlap o`tiw – putkil juris-turısında ko`zge taslanadı. Bul ko`nlikpeler bes jaslı balalar imkaniyatlarının` bir qansha o`skenligin ko`rsetedi.

Bul jastag`ı balanın` erisken en` za`rur jetiskenligi sonda, ol orınlaytug`ın ha`reket ha`m jumıslardı sanalı qadag`alap turadı. Bala olardı tek g`ana ajıratıp g`ana almaydı, al olardı jolg`a qoyadı, olardın` kushin ta`rtipke saladı, olardı bag`darlaydı, qadag`alaydı ham o`z-ara sa`ykesleydi.

O`z ha`reketlerin ıqtıyarlı turde ta`rtipke salıw imkaniyatı u`lken topar balanın` ulıwma, a`sirese, fizikalıq o`siwinin` en` za`rur ko`rsetkishi esaplanadı. Sonın` menen birge, balalar ha`reketler rawajlanıwındag`ı jetiskenlikler olardın` o`sip baratırg`an aqılıy erkinde ha`m ko`zge taslanadı. Teren`likke sekiriw yamasa ba`lent etip tartılg`an sızıqsha ustinen sekirip o`tiw, toptı mo`ljelge tusiriw yamasa jugirip ketip baratırg`an waqıtta ta`rbiyashının` bergen signalına muwapıq toxtap qıymıldamay turıw ko`nlikpesi baladan ha`rketleniw apparatın: muskullar, sustavlardı o`z erkine boysındıra alıw qa`biletin talap etedi; qanday da hareketlerdi toxtatıw, tormozlandırıw, qanday-da ha`reketlerdi sonday, qanday ha`m qashan kerek bolg`anında kusheytire alıw ko`nlikpesin talap etedi.

Ha`reketlerdi ta`rtipke sala biliw erikligi balanın` ulken jetiskenligi esaplanadı. Ol balanın` ulıwma rawajlanıwının` jan`a basqıshında ekenligin ha`m bul onın` mektepke oqıwg`a tayarlıg`ının` en` za`rur ko`rsetkishlerinen biri ekenligin ko`rsetedi.

Izertlewler o`z ha`reketlerin ıqtıyarlı basqarıwg`a tek g`ana fizikalıq mag`lıwmatlar ha`m shınıg`ıwlar g`ana emes, al balanın` ulıwma aqılıy rawajlanıwı, en` da`slep, tildin` rawajlanıwı na`tiyjesinde erisiw mumkinligin ko`rsetedi.

Balaga aytılg`an so`zde u`lkenlerdin` ko`rsetpesi, buyrugı sawlelenedi. Balalar so`ylew tili menen ne ha`m qanday islew kerek, qanday izbe-izlikte orınlaw kerekligin bilip aladı. So`ylew arqalı bala orınlag`an ha`reketlerge baha beriledi ha`m qadag`alap barıladı. Ta`rbiyashı balag`a «jaqsı sekirdin`», «a`sten tepsin`din`», «jaman jurip atırsan», «a`sten en`keyip atırsan`»,- deydi.

Mektepke shekemgi jastın` aqırına kelgende ha`reketlerdi orınlawda roli sonshelli asadı, ha`tteki kishi balalar o`mirinde za`rur a`hmiyetke iye bolg`an ha`reketlerdi ko`rsetiw ha`m awız-eki tu`sindiriw, ko`rsetpe, baha beriw ornın basa almaydı.

Biraq o`z ha`reketlerin awız eki buyrıqqa boysındıra alıw, o`zin tuta biliw ko`nlikpesine iye ekenligine qaramay, jeti jaslı balalarda ol ele jetilispegen boladı. Ko`binese tosattan payda bolg`an qa`lewine boysınıp, geyde basqalarg`a eliklep, geyde umıtıp bala o`z ha`rketlerin qadag`alamaydı; sonda onın` ha`reketleri impul`siv xarakterde bolıp, kishkene balalar ha`reketine uxsap ketedi.

5 jaslı balalar ha`reketindegi sıpat o`zgerisler onın` ha`mme iskerliklerinde en da`slep, do`retiwshilik oyınlarda ko`zge taslanadı. Olar mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı da`wirdin` aqırında balalar erisetug`ın sa`wlelendiriw iskerliginin` jan`a da`rejesin ko`rsetedi.

Balalardın` oyınlarında balanı qorshap turg`an insanlardın` bay jamiyetlik miyneti sa`wlelendiriledi. Balalar oyınlarında o`zleri tikkeley ko`rgenlerin sa`wlelendirip qalmay, al u`lkenlerdin` gurrin`i, radio esittiriwler, ta`rbiyashı ha`m ata-anaları oqıp bergen kitap ha`m basqa derekler tiykarında oylap jaratqanları ha`m sa`wlelendiriledi. Qıyal ha`m oylaw balanın` tikkeley qabıl etiwin ha`m awız eki jol menen alg`an bilimlerin toltırıp baradı.

5 jaslı balanın` oyınında ha`r bir adamnın` iskerligi sa`wlelendiriledi. Balalar o`z oyınlarında barlıqtag`ı zatlardı qanday bolsa, solayınsha sa`wlelendiriwge umtıladı.

Oyın dawamındag`ı balalardın` soraw ha`m tartısıwları olardın` tırıskaqlıgınan ha`m ha`r bir detaldı biliwge qızıg`ıwshılıg`ınan xabar beredi. Ko`birek ha`m anıg`ıraq biliwge bolgan kızıgıwshılıqtı balalardın` ta`rbiyashıga tez-tez xabarlasıp turıp o`zlerinin` sa`wlelerin anıqlawdan, bilimlerin oyında qollawlarınan biliw mumkin.

5 jaslı balalardın` oyınları, a`dette tek adamlardın` ha`reketlerin g`ana emes, al olardın` o`z-ara qarım-qatnasların sa`wlelendiredi: baslıqqa boysınıw kerek, na`wbetshi telegraf apparatı aldınan kete almaydı h.t.b. Balalar ulıwma pikirge qosıladı, olar kelisip ha`reket etedi ha`m olardın` ha`r biri oyıng`a o`z baslamasın, oy ha`m ta`jiriybesin kiritedi. Bul haqıyqıy ja`ma`a`t iskerligi.

Balalardın` oylap tabıwları en` da`slep o`mirdin` o`zinde ha`mme waqıt ha`m haqıyqattı fantaziyadan ajratıp bolmawı menen tusindiriledi. Keshe g`ana arzıw etken zat, bugin haqıyqatqa aylanbaqta. Bunnan tısqarı, bala oynap atırıp o`zinin` qıyalı

ha`m aynala-a`tiraptag`ı ko`rip atırg`anları menen erkin bayıtıp baradı. Bul oylap tabıwlarda balalardın` tilegi ha`m a`rmanları ko`rinedi.

Balalar oyınının` rawajlanıwshı jan`a basqıshı og`an basqasha formada basshılıq etiwdi ha`m talap etedi. Balalarg`a oyın mazmunın aytıp turıwg`a ha`jet joq ha`m egerde ta`rbiyashı  o`zi bir roldi orınlamaqshı bolsa, ol tek oyıng`a kerekli bag`dar beredi, tusindiredi, balalardın` tiykarg`ı tusiniklerin anıqlaydı.

Ta`rbiyashı balalar oyında sa`wlelendiretugın o`mirdin` barlıq ta`replerine dıqqat penen karawı za`rur: o`z waqtında adamlar arasındag`ı qarım-qatnastı anıqlawı, bir bahag`a qarag`anda o`z pikirin aytıwg`a u`ndewi, onı tiykarlap, tu`sindirip beriwi- demek oyından balalardın` bilim shen`berin anıqlaw ha`m bayıtıw, olardan unamlı a`dep-ikramlılıq, sezim ha`m  a`detlerdi ta`rbiyalawda paydalanıwı kerek.

5 jaslı balalar orta topar balalarına qarag`anda bir oyındı ko`birek ta`kirarlaydı. Bunda ha`r bir jan`a oyın o`zinshe jan`a, a`dette, aldın`g`ısına  qarag`anda quramalıraq variant payda etedi. Balalar oyınının` mazmunı aynala-a`tiraptag`ı o`mirdi baqlawları menen, esitken gurrin`  ha`m  ertekleri menen, suwretlew iskerligi ha`m basqa shınıg`ıwları menen baylanıslı. Bilgenlerin ha`reket waqtında engizip, baqlap ha`m gurrin` etip, bala qorshap alg`an o`mirdi jaqsıraq bilip aladı ha`m belgili a`dep-ikramlılıq a`detlerdi bekkemleydi.

Oyın rawajlanıwı menen onın` forması ha`m o`zgerip baradı. Ha`reket penen bir qatarda til ha`m barg`an sayın oyında u`lken a`hmiyetke iye boladı. Ol oyındı rejelestiredi, balalardın` sorawlarında, oyınnın` ol yamasa bul ka`hramanlarına  baha beriwde, so`ylesiw ha`m qatnasıwshılardı dodalawda qatnasadı.

## 1.2. U`lken topar balalardın` psixologiyalıq rawajlanıwı

Ta`rbiyashı kunde sho`lkemlestiretug`ın quramalı ja`miyetlik oyınlarda, naturadan ha`m sa`wlelerden suwret salıwda, miynette bala psixikası izbe-iz ha`m ha`r ta`repleme rawajlanıwı jetilisip baradı.

U`lken topar balaları kishi balalarg`a qarag`anda kem qozg`alıwshan` boladı. U`lkenrek balalarda miy qabıg`ının` qozg`alıwı ha`m tormazlanıw protsessleri bir qansha jetilisken boladı.

Bul fiziologiyalıq o`zgeshelikler balalarda dıqqattı bir jerge toplaw, baqlawshılıq, dıqqattı jetiskenlik penen rawajlandırıw ushın qolaylı sharayat jaratıladı.

5 jaslı balalardın` ku`n ta`rtibi a`ste-aqırın oqıw iskerligin quraytug`ın shınıg`ıwlar awırlıg`ının` artıwı, balalar dıqqat- itibarına jan`a ha`m asırılg`an talaplardı qoyadı.

5 jaslı balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar orta ha`m kishi toparg`a qarag`anda uzaq dawam etedi. Egerde kishi balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar oyın xarakterinde bolsa, orta toparda olardın` oqıw iskerligine oyın ha`m shug`ıllanıwdın` geybir elementleri kiritilse, 5 jasta bolsa shınıg`ıwlar ja`nede anıq is xarakterinde boladı. Bul shınıg`ıwlar ma`jburiy bolıp, balalardan belgili da`rejede dıqqat-itibardı, erklilikti talap etedi, en da`slep, uzaq dawam etiwge , yag`nıy dıqqattın turaqlı bolıwına ha`m ıqtıyarlı basqarıwg`a biliwge asırılg`an talap qoyıladı.

Ta`rbiyashılar balalardın` turaqsız dıqqatın qollap-quwatlawg`a umtılıp, ha`r bir shınıg`ıwdın` qızıqlı o`tiwi ushın u`lken oylap tabıwshılıq ko`rsetedi. Ha`r qıylı ko`rsetpeler ken` qollanıladı, balalarg`a islew ushın ha`r qıylı jeke didakt`ikalıq toplam: geometriyalıq formalar, zatlar, suwretler, san jazılg`an kartochkalar ha`m basqalar beriledi. A`lbette, shınıg`ıwlardın` bunday u`skeneler menen ta`miyinleniwi balalarda og`an bolg`an qızıg`ıwshılıqtı arttıradı ha`m olar turaqlı dıqqattı uzaq saqlag`an halda basshılardın` talapların ishtey menen orınlaydı.

Balalar ren`lerdin` turlerin, iyislerin, seslerin ju`da` tez sezetug`ın bolıp baradı. 5 jaslı balalar ren`lerdin` turlerin ajıratıp qalmay, al olarg`a tiyisli zatlarg`a kiritedi ha`m sog`an qarap olardın` ayırım awxalların bilip aladı.

Ren` turlerine sezgirlik ha`m balalardın` ulıwma rawajlang`anlıg`ı ta`rbiyashıg`a u`lken toparda mazmunı balalarg`a tusinikli bolg`an, sonın` menen birge, tek g`ana mazmunlı emes, al peyzajlı  a`debiy suwretlerdi ko`riwge say shınıg`ıwlardı ja`nede ha`r dayım o`tkeriw imkaniyatın beredi.

Bul jastag`ı balanın` esitiw qa`bileti ha`m bir qansha o`sedi.  5 jaslı balalar seslerdi anıq parıq etedi ha`m salıstıradı, dıqqat penen esitedi ha`m bul sesler nenin` sesti ekenligin durıs aytadı.

Qosıq aytıwg`a uyretiwde muzıqa xızmetkerleri balalardın` itibarın sozıq, dawıslı sestin` o`zgesheligine ha`m onı parıq etiwg`e qaratıw ushın ha`r qıylı metodikalıq usıllardan paydalanadı. Muzıka shıg`arması aytılıp atırg`anda balalar bul muzıka ne haqqında, qanday muzıka ha`m esitilip atırg`an muzıkanı qosıqta, dawıs intonatsiyasında geyde ha`reketlerde sa`wlelendirip beredi.

Balanın` qabıl etip atırg`an ha`m baqlap atırg`an zatlardın` sıpatın tusinip alıwg`a umtılıwı ju`da` za`rur fakt esaplanadı. Ol ju`da` za`rur a`hmiyetke iye, sebebi balanın` sensor rawajlanıwı neden ibarat ekenligin tusinip alıw imkaniyatın beredi. Balalarda sezgilerdi o`stiriw wazıypası ren`lerdi yamasa iyisti ha`m olardın` na`zik ren`lerin parıq etiw imkaniyatın ku`sheytiriwden ibarat emes. Bunday absalyut sezgirlik professional-qa`nigelerde payda boladı.

Balalarda sezgirlikti rawajlandırıw – bul ulıwma aqılıy o`siwdin` ko`rsetkishlerinen biri, onın` ulıwma rawajlanıwının` bir ta`repi boladı, sebebi adamnın` sezgi organları isine ha`mme waqıt quramalı ha`m ja`nede quramalı aqılıy iskerlik qosıladı.

Balalardı tek g`ana ren`ler ha`m olardın` turlerin parık etiw, gedir-budır ha`m tegislik yamasa dawıslar ba`lentligin parıqlaw u`stinde shınıg`ıw isletiwge umtılıw, ko`riw, esitiw, teri analizatorlarının` bir ta`repleme rawajlanıwına alıp keledi ha`m adamnın` ulıwma rawajlanıwına payda keltirmeydi. Bunday shınıg`ıwlar balalardı tek g`ana hawa ren`di jasıldan, aspan ko`kti ko`k ren`nen jaqsı parıq etiwge alıp keledi, biraq o`z bilimlerinen suwret salıwda, ta`biyattı baqlawda yamasa suwretlerdi oqıwda paydalana almaydı. Balalar o`zlerine tanıs na`rselerdin` turli sıpat ha`m belgilerin ajıratıp analiz etse, sonda g`ana olardın` ulıwma ha`m sensor rawajlanıwı jetilisedi.

Sezip biliw – bul da`slepki zat ha`m ta`biyat qublısları menen tanısıw. Adam onı qanshelli ha`r ta`repleme bilip alsa, bul tanısıwda ko`p seziw organları qatnassa sol na`rse obrazı sonshelli tolıq, jarıq, janlı bolıp tuyiledi. Bala ma`selen, la`blebi, qıyar, piste, almalardı ko`zi menen qorip, qolı menen uslap ko`rip, qattılıg`ın ha`m awırlıg`ın ko`terib ko`rgeninen, iyisin sezip, jeb ko`rib da`min bilgeninen keyin g`ana onda a`ne usı miywe ha`m palızlardın` ha`r biri haqqında anıq sa`wleler payda boladı.

5 jaslı balanın` quramalasıp baratırg`an iskerligi onın` barlıq seziw ha`m ha`reketleniw organları sistemasına u`lken talaplar qoyadı. Ko`riw organlarının` isi ha`m onın` qol isi menen baylanıslıg`ı ayrıqsha rol` oynadı. Gerbishlerden uy yamasa garaj qurıwı ushın bala olardı bir-birinin` u`stine anıq, tegis qoyıwı kerek, bolmasa qurılıs awnap ketedi, qol ha`reketin ko`z benen baqlap turıw kerek; ren`li qag`azdan aytılg`an formanı qırqıp alıw, olardı juldızsha ko`rinisinde jabıstırıw, suwretlerdi bettin` ortasına anıq jaylastırıw yamasa boyaw ushın shıraylı ren`lerdi tan`law sıyaqlılardın` barlıg`ında, ko`z ha`m kol isin birge qosıw za`rur. Ko`z isi menen birge qosıp orınlanatug`ın uslap ko`riw ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Kundelikli o`mir ha`m iskerlik insannan ko`z isin anıq kosıwdı, en` da`slep qoldın` ha`r bir barmag`ı ha`reketin, sonday-aq, ko`z ha`m kulaq, ko`z ha`m gewde, ayaq, bas ha`reketlerin birge qosıwdı talap etedi.

Fizikalıq ta`rbiya ha`m muzıka shınıg`ıwlarında balalar gewde, ayaq, qoldın` ko`z ha`m qulaq, yag`nıy ko`riw ha`m esitiw menen birgelikte islewin shınıqtıradı. Ha`reketli oyınlarda bunday qadag`alaw ha`m muwapıqlıq roli ja`nede artadı, sebebi bala ha`reketleri og`an tu`sinikli bolg`an oyın qag`ıydalarına boysınıwı kerek. Bala oyında basqa balalardın` ha`reketlerin ha`m baqlap baradı.

Ku`ndelikli shınıg`ıwlarda, oyınlarda balanın` seziw organları ha`m sezgirligi rawajlanadı ha`m jetilisip baradı. 5 jaslı balalardın` ko`rip atırg`an, esitip atırg`an ha`m uslap ko`rip atırg`an zatların tusinip alıwg`a bolg`an umtılıwı qabıl etiw protsessinde ja`nede anıqraq payda boladı.

Tanıs emes zattı ko`rip, 5 jaslı balalar, a`dette onı analiz etedi ha`m onı aldınnan tanıs zat penen salıstıradı. Balalar seyil waqtında kesirtkeni ko`rip qaladı. «Bul qanday haywan? Qurbaqama, bası uqsaydı, kuyrıg`ını ne? –Bul jılang`a uqsaydı-ya? Yaq, bası menen ayag`ı jılandıkı emes, al usınday qurt barshıg`ar?».

Bul jastag`ı balalar qabıl etiwinde oylaw ha`m oylaw elementleri anık ko`rinedi. Bul ha`tteki balalarg`a tanıs bolg`an zatlardı qabıl etiwlerinde ha`m seziledi.

Tanıs zatlardı qabıl etiw balalardag`ı bar bolg`an bilimlerdi aktivlestiredi. Sonın` ushın tanıs zatlarg`a qarap balalar tek g`ana neni ko`rip atırg`anların emes, al bul zatlar haqqında neni bilse, geybir waqıtları, ha`tteki o`zlerinin` bul zatlarg`a bolg`an qarım-qatnasları haqqında ha`m aytıp beredi.

5 jastag`ı balalardın` kishkenelerden parıqlı o`zgesheligi sonda, olar zatlardı tek g`ana bilip g`ana qalmastan, al ne ushın iseniw kerekligin tiykarlap ha`m bere aladı, ma`selen, bul televizor, bul telefon, bul alma, bul la`blebi, bul bolsa qıyar.

Ta`rbiyashının` kishkene baladan: «Sen bunın` la`blebi, geshir, alma ekenligin qayaqtan bilbin`?» yamasa «Ne ushın sen sonday dep oylaysan`?»- dep bergen sorawlarına, 3-4 jaslı bala a`dette – «o`zim bilemen» geyde: «sebebi ol qızıl», dep juwap beredi. 5 jaslı balalar ol yamasa bul zatlardın` tiykarg`ı ha`m za`rur belgilerin ko`rsetiw kerekligin biledi.

Balalar zatlardın` formasın, onın` ayırım bo`leklerinin` kay jerde jaylasıwın, ha`r bir zattın` parıq etiwshi belgilerin anıq ko`rsetedi. Geyde, ha`tteki 6 jaslı bala ha`m zatlardı qabıl etiw protsessinde ko`rip atırg`anların bilgenlerinen ajıratıp ko`rsetiwde qıynaladı.

Keyinirek mektepte oqıw protsessinde balalardı oqıtıwshının` sorawına anıq juwap beriwge uyretiledi. Olar berilgen sorawlarg`a tiyisli bolmag`an so`zlerdi aytpawg`a uyrenedi.

Kishkeneler baqlawdı bilmeydi. Olar tek g`ana ta`rbiyashının` sorawlarına juwap bere aladı. Orta topar balaları baqlaw ma`selesin tusinedi, biraq onı durıs sheshe almaydı, u`lken topar balaları ma`seleni tusinedi ha`m onı sheshiw usılların aktiv izleydi. Olar ta`rbiyashının` tapsırmasına muwapıq yamasa o`z baslamaları menen uzıq waqıt baqlawlar alıp barıwları mumkin.

Bala o`siwi menen onın` baqlawlarında ta`rbiyashının` arnawlı soraw ha`m ko`rsetpelersiz janalıqlardı anıqlaw, ol yamasa bul qublıstag`ı o`zgerislerdi seziw ko`nlikpeleri payda boladı.

5 jaslı balalarda qabıl etiw protsessinde qatnasıp atırg`an barlıq pikir juritiw iskerligi jetilisedi. Olar berilgen zattı analiz etedi, olar ushın ulıwma bolg`an

belgilerdi ajıratadı, olardı toparlarg`a ajıratadı. Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı bala ulıwma belgiler menen bir qatar belgili topardag`ı ha`r bir zattın` jeke o`zgesheliklerin ajıratıp ko`rsetiwge qa`dir.

Balanın` qabıl etiwin o`stiriwde durıs jolg`a qoyılg`an uyretiw za`rur rol` oynadı. Eger ta`rbiyashı balalardı aynala-a`tiraptag`ı zatlarg`a qızıg`ıwshılıq penen qarawg`a uyretse, olardın` baqlawshılıg`ın, tusinip qabıl etiwlerin o`stirgen boladı.

Tek g`ana zatlarg`a qarawdın` bir o`zi jetkilikli emes. Balanı baqlıp atırg`an zat penen tanısıwg`a uyretiw za`rur. Bunı A.V.Zaparojets alıp barg`an izertlewler ju`da` jaqsı ko`rsetedi. Mo`ljel alıw iskerligi xarakterdin` o`zi, yag`nıy zat yamasa butin bir waqıya menen tanıstırıw, jan`a ob`ekt penen da`slepki tanısıw qanday o`tip atırg`anına qarap ha`r qıylı na`tiyje beredi. Bul jerde gap, balanın` tek g`ana a`meldegi ha`reketlerdi orınlawda yamasa jan`a zatlar menen onın` konturı boyınsha yaki qabıl etilip atırg`an zatlar jaylasqan maydanga ko`z juritip tanısıwında emes. Ha`reketlerdin` orınlaw xarakteri ha`m o`zgeredi. Kishkenelerdegi ta`rtipsizlik u`lken balalarda sistemalı xarakter ka`sip etedi. Solay etip, olar jan`a zat penen seziwshilik penen tanısıwdın` belgili usılına aylanadı.

Balalar baqlawshılıg`ın o`stiriwge basshılıq etiwde tez-tez ushırap turatug`ın kemshilik, olarg`a ne tapsırılg`an bolsa, sonı anıqlawg`a, usı mazmundı suwrette yamasa gurrin`de qanday sa`wlelengenligine bag`darlaw kerek. Ta`rbiyashı balalarg`a soraw berer eken, itibardı balag`a tanıs bolg`an ha`r bir zattın` parıq etiwshi belgi ha`m xarakterli o`zgesheligine qaratadı. Bala zattın` formasın ko`re biliwin, onın` quramalı bo`leklerin taba biliwi, o`z suwretin qag`azda jaylastırıwdı, qag`az betlerin ortasın tabıw ha`m zatlardın` ha`r bir detal ornın anıqlawg`a uyrenedi. Ta`rbiyashı balalardı bir-birine uqsas, biraq ha`r qıylı zatlardı salıstırıwg`a qızıqtıra barıp, olardı analiz etiwge, ulıwmalastırıwda, bir qıylı zatlardı toparlastırıwg`a shınıqtıradı. Ulıwmalastıra alıw ko`nlikpesi balanın` keyinrek bilimler toplawında ha`m tusiniklerge o`tiwde, aqılıy qa`biletin o`stiriwde ju`da` za`rur.

Ulıwmalastırıwdın` a`hmiyeti balalardın` suwretler menen islesiwinde ko`zge taslanadı. Balanın` ko`rip atrıg`an zatların tusine alıwg`a bolg`an umtılıwı sonda ko`rinedi, 5 jaslı balalar qıyınshılıg`ı ta`repinen olarg`a say keletug`ın suwretlerdi ko`rip atırıp, ko`binshe onı ta`riypleydi yamasa tusindiredi. Eger bul jastag`ı baladan

7-10 kun o`tkennen keyin ko`rgen suwretleri haqqında soralsa, olar a`dette tek g`ana ayırım, sonda ha`m en` tiykarg`ı ha`m za`rur bolmag`an detallardı aytıp beredi. Qabıl etilgenlerin bunshelli umıtıw a`lbette ashınarlı. Balalarg`a suwretlerdi ko`rsetip otırıp yamasa olar menen naturanı tamasha etip, ta`rbiyashılar balalarda tiyisli tusinikler saqlanıp qalıwına umtıladı.

5 jaslı balalardın` qabıl etiw o`zgesheligi olardın` oyınlarında, suwretlew ha`m miynett iskerliklerinde ju`da` ha`m anıq ko`rinedi. U`lken topar balalardın` iskerliginde qayta tiklenip atırg`an waqıya yamasa fakt detallardın` za`rur ha`m tiykarg`ı o`zgeshelikleri aralastırıp jiberilmeydi. Balalar o`zleri salıp atırg`an suwretke onın` tiykarg`ı mazmunın kusheytiretug`ın, bo`rttirip, anıq ha`m dinamikalıq etip ko`rsetetug`ın waqıyalardı qosadı.

U`lken topar balaları qabıl etiwdin` o`zgesheligi haqqında aytıp, itibardı qabıl etiwdin` arnawlı forması - tın`lawg`a qaratamız. Eki jaslı balalar ha`m kishi ertek yamasa taqmaqtı tın`lawdı biledi. Biraq kishi bala ushın tiykarg`ı na`rse u`lkenler menen qarım-qatnasta bolıw, olardın` so`zin tın`law, bul qarım-qatnasta mazmunnın` roli onsha za`rur rol` oynamaydı.

Balalarda o`z ha`reketlerin ıqtıyarlı basqara alıw qa`biletinin` o`sip barıwı a`sirese, olardın` yadında anıq payda boladı. Olarda kerekli materialdı este saqlap qalıwg`a bolg`an qızıg`ıwshılıqtın` a`hmiyeti ele ju`da` u`lken. Biraq bir materialdı este saqlap qalıw yamasa qayta eske tu`siriw ko`binese za`rur talaplarg`a boysınadı.

U`lken topar balaları takmaq ha`m qosıqlardı an`sat uyrenedi. Ertekler sahnalastırg`anda o`z gezekleri keliwin kutip, basqalarg`a so`ylegende tım-tırıs otıra aladı, gezegi kelgende o`z roli boyınsha tek g`ana kerekli so`zlerdi ayta aladı. Bul jastag`ı balalar tek g`ana ayrım so`zlerdi emes, al putin ga`plerdi ha`m o`zgertip jibere aladı. Bul jastag`ı balalar bir mazmun ornına basqasın aytıwları mumkin, bul uyrenilgen mazmung`a qarag`anda olardın` tileklerine ko`birek juwap beredi.

Sonday-aq, bul jastag`ı balalardın` o`zgesheligi gurrin` mazmunın so`ylep beriwlerinde ha`m baqlanadı. Arnawlı tekseriwler egerde gurrin` balalarg`a tusinikli bolsa, qabıl etkenlerin o`zinshe tusine alıw a`sirese aktiv ha`m jetiskenlikli boladı.

Material este saqlap qalıw ushın onın` balalar jasına ha`m qızıg`ıwshılıg`ına say bolıwı emes, al en` da`slep olarg`a qay ta`rizde, awız-eki qanday jetkeriliwi za`rur.

Bul a`sirese balalar yadında bir qahramang`a berilgen baha ha`m a`dep-ikramlılıq minezleme mazmunı saqlanıp qalıwı da za`rur. 5 jaslı balalar u`lkeygen sayın ha`r qanday ma`nissiz so`zlerdi sonshelli qıyınshılıq penen eslep qalar eken. Balalardın` rawajlanıp atırg`an oylawı onın` este saqlaw iskerliginde qatnasa baslaydı. Bala esitkenleri haqqında oylaydı, onı tusiniwge ha`rket etedi, na`tiyjede materialdı rekonstruktsiya etedi yamasa qayta isleydi bul balalardın` tusinip este saqlawı demek.

Qabıl etilgen materialdı este saqlap qalıw ha`m eske tusiriwdin` geybir usılların iyelep alıw balalardın` za`rur jetiskenligi esaplanadı. Bul en` da`slep yad jan`a sıpatının` qa`liplesiwinen, onın` ıqtıyarsızdan ıqtıyarlı yadqa aylanıp atırg`anlıg`ının` da`lili boladı. Bul jetiskenlikke bala ko`birek kishi mektep jasında erisedi, sebebi kishi oqıwshı uyrenilgen materialdı este saqlap qalıw, yadlaw ha`m eske tusiriwdi kunde shınıqtıradı.

Balalardın` kundelikli o`mirin baqlaw ha`m ju`da` ko`p o`tkerilgen izertlewler balalar este saqlawın ta`rbiyalaw jolları haqqında to`mendegi juwmaqlardı shıg`arıwg`a imkaniyat beredi.

Este saqlawdı ta`rbiyalawdın` birinshi sha`rti balanın` kundelikli o`mirin durıs sho`lkemlestiriw za`rur. Ta`rbiyashı balalar menen sistemalı ta`rizde ta`biyat ha`m aynala-a`tiraptag`ı o`mirdi baqlap, son` ko`rgen ha`m esitkenleri haqqında so`ylep beriwdi olarg`a mira`t etse, balalardın` ha`r birine belgili tapsırmalar berip, son` olardın` orınlanıwın tekserse, bul menen ol bala yadın shınıqtıradı.

Balalar yadın rawajlandırıwshı aranawlı usıllardı shınıg`ıwlarda qollanıw lazım. Bunda to`mendi sharayatlardı na`zerde tutıw kerek.

1. *Ko`rsetpeli materialdan ken` paydalanıw za`rur*. Balalarg`a jan`a materialdı tusindirip atırg`anda ha`m ta`kirarlap atırg`anda awız-eki tusindiriwdi naturanı yamasa so`z bolıp atırg`an zat ha`m waqıya suwretin ko`rsetiw menen birgelikte alıp barıw paydalı. Bunda balanın` tek g`ana ko`rinisine emes, al baska seziw organlarına: esitiw, da`m seziw h.t.b

5 jaslı balalarda ko`riw ha`m awız-eki tusindiriwdin` roli sezirerli da`rejede o`sgenligine qaramay, zat penen a`melde, ha`reket etip tanısıwdın` ele a`hmiyeti u`lken.

2. Uyrenilip atırg`an zattı balanın` tusiniwi za`rur rol` oynaydı. Ma`nisine tusinbese, bekkem este qalmaydı.

3. Sonday-aq, uyrenilip atırg`an materialdan baqlang`an maqsetti balalardın` tusiniwi za`rur.

Egerde balalarg`a taqmak yamasa ayırım so`zlerdi yaki bolmasa naqıl-maqaldı ne ushın este saqlap qalıw kerekligi tusiniksiz bolsa, balalar onı este saqlap qalıw ushın ha`reket etpeydi. Eger maqset anıq bolsa, ma`selen bayramda qatnasıw, atası jumıstan qaytqannan keyin og`an aytıp beriw, kishkenelerge uyretiw ushın este saqlaw kerek bolsa, olardı hesh bir qıyınshılıqsız uyreniledi.

4. Basqa iskerlik turlerindegi sıyaqlı balalardın` o`z jetiskenliklerin biliwi ju`da` za`rur. Egerde ta`rbiyashı balalar itibarın neni este saqlap qalg`anlarına, neni ele eslep qala almag`anlarına, kim yadınan gurrin` aytıp beriwine yamasa suwrettin` shiyki nusxasın jaqsı sala alıwg`a, kim ele jaqsı gurrin` aytıp bere almaslıg`ına tartsa balalar materialdı jaqsı ha`m tez uyrenip aladı. Sonday jol menen balalar o`z-o`zin qadag`alawg`a a`detlenip baradı, bul bolsa keyinirek istin` jaqsılanıwı ushın ju`da` za`rur.

O`z-o`zin qadag`alaw balalardın` o`z betinshe gurrin` aytıwına yamasa uyrengen taqmaqtı ta`kirarlawı boladı. A`ne sonda ha`r bir balanın` materialdı iyelew da`rejesi anıqlanadı. Egerde balalar bir taqmaqtı ta`rbiyashı izinen tek g`ana xor bolıp ta`kirarlasa, demek olar neni uyrengen, neni uyrenbegenin o`zleri bilmeydi.

5. Ta`kirarlawdı durıs sholkemlestiriw za`rur a`hmiyetke iye. Manisin tusinbey yad alıw ha`m onı ta`kirarlaw yadtı rawajlandırmaydı. Za`rurlisi bir na`rseni este saqlap qalıw emes, al este saqlap qalınganlardan paydalana biliw.

Este saqlap qalıwg`a tek g`ana materialdı tusiniw, og`an qızıg`ıw, ta`kirarlaw maqseti ha`m ta`kirarlawdın` sanı emes, al uyreniw usılının o`zi ha`m ta`sir etedi.

Waqtında ta`kirarlawdı durıs bo`listiriw za`rur. Egerde, ma`selen taqmaqtı yad alıw ushın 8 ma`rte ta`kirarlaw kerek bolsa, onı birinshi kun 2-3 ma`rte, erten`gi kuni ja`ne 2-3 ma`rte ta`kirarlaw, bir kun o`tkerip ja`ne usı iske qaytıw en` qolaylı esaplanadı. Egerde balalardı bir shınıg`ıwdın` o`zinde bir na`rseni 8-10 ma`rte ta`kirarlawg`a ma`jbur etilse, ol waqıtta olarda uyreniwge bolg`an qızıg`ıwshılıq jog`aladı ha`m este saqlap qalıwdın` pu`tin protsessi qıyınlasadı ha`m jamanlasadı.

Balalardın` yadlap atırg`an ta`kmaqqa bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın qollap-quwatlaw ha`m este saqlap qaldırıw na`tiyjesin jaqsılaw ushın ta`kirarlawın o`zgertip turıw ju`da` za`rur. Ma`selen, da`slep ta`rbiyashı takmaqtı oqıp beredi, son` balalar qatarlardı yamasa putin teksti rollarga bo`linip ta`kirarlaydı. Ha`r bir balanın` taqmaqtı ayrıksha ta`kirarlawı a`hmiyetke iye.

Ja`ne bir sha`rt este saqlanatug`ın materialdı bo`leklerge bo`liw za`rur. Egerde taqmaq yamasa qosıq teksti ju`da` uzın ha`m 3-5 kupletten ibarat bolsa, onda balalarga qosıqtı bir aytqanda 1-2 ma`rte oqıp uyretiw kerek. Birinshi kupletti uyrenip bolg`annan keyin, balalar putin takmaqtı qayta ta`kirarlaydı ha`m ekinshi kupletti uyreniwge o`tedi, bunda waqtı-waqtı menen onı birinshi kupletten keyin ta`kirarlaydı. Son` ushinshi kupletti uyreniuge o`tedi.

Usı ta`rtipte takirarlansa, balalar shıg`armanı tusingen halda ha`mme waqıt ko`z aldılarına keltiredi. Olar ha`tteki bir kupletti uyrense ha`m – bul bir putin qosıqtın` tusinikli ha`m juwmaklaw bo`limi esaplanadı, og`an balalar waqtı-waqtı menen qaytadı.

Egerde ta`rbiyashı shıg`armanı ju`da` ha`m mayda bo`leklerge, kupletti bir bo`lek qatarlarg`a bolip jiberse, ol gezde balada qosıqtı yad alıwg`a qızıg`ıwshılıq jog`aladı ha`m uyrenilip atırg`an material mazmunın qıyınshılıq penen tusinedi. Na`tiyjede bala ko`binese a`ne usı so`zler ta`riyplegen mazmundı tusinbegen halda qatarma-katar qurı yad alıwg`a ma`jbur boladı.

Geybir pedagog ha`m psixologlar kishi bala materialdı mexanikalıq ta`rizde este saqlaydı ha`m sonın` ushın ha`m olar ha`r qanday, ha`tteki jaqsı tusinbegen materialdı ha`m yadlay aladı, degen pikirdi isenim menen qorg`asa-da, turmıs ha`tteki ush jaslı bala, u`lken topar balası este saqlap qalatug`ın zattı ha`m ne ushın yadlap alıp atırg`anların tusiniwdi qa`lewlerin ko`rsetedi. Olardın` ju`da` ko`p tınımsız bergen sorawları bunnan da`lil bredi.

Solay etip, ta`rbiyashı balalarg`a uyrenilip atırg`an materialdı tusindire alsa, ol balalar logikalıq este saqlawdın` rawajlanıuında ham joqarı na`tiyjelerge erisedi: yad tusinip alıng`an ha`m tuwrı bilimler menen bayıydı.

## Birinshi bap boyınsha juwmaqlaw

U`lken topar balalardın` boyı 7-8 sm ge o`sedi. Onın` ayaqları gewdesine salıstırg`anda tez rawajlanadı, awırlıg`ı 20-22 kg. dı quraydı. Balanın` omırtqa su`yekleri qatpag`anlıg`ı sebepli tez qıysayıp qalıwı mu`mkin. Sonın` ushın da su`yeklerdin` durıs o`siwin ta`miyinlewge ayrıqsha itibar beriw kerek. Olardın` ju`regi na`restenin` ju`regine salıstırg`anda 4-5 ese u`lkeyedi, biraq bulshıq etleri ele jetilispegen boladı. Altı jasqa shıqqanda miy qabıg`ının` nerv kletkaları rawajlanıp, awırlıg`ı ha`m sırtqı ko`rinisinen u`lken jastag`ılarg`a jaqınlasadı. Sonın` ushın da balanın` nervlerine ju`da` itibarlı qatnasta bolıw talap etiledi.

Balanın` rawajlang`an fizikalıq imkaniyatları onın` jurisinde, stol qasında otırg`an awhaldag`ı gewdesin tutıwında, tusip ketken zattı alıw ushın en`keygeninde, jolında jatqan halda ustinen atlap o`tiw – putkil juris-turısında ko`zge taslanadı. Bul ko`nlikpeler bes jaslı balalar imkaniyatlarının` bir qansha o`skenligin ko`rsetedi.

5 jaslı balalar ha`reketindegi sıpat o`zgerisler onın` ha`mme iskerliklerinde en da`slep, do`retiwshilik oyınlarda ko`zge taslanadı. Olar mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı da`wirdin` aqırında balalar erisetug`ın sa`wlelendiriw iskerliginin` jan`a da`rejesin ko`rsetedi.

5 jaslı balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar orta ha`m kishi toparg`a qarag`anda uzaq dawam etedi. Egerde kishi balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar oyın xarakterinde bolsa, orta toparda olardın` oqıw iskerligine oyın ha`m shug`ıllanıwdın` geybir elementleri kiritilse, 5 jasta bolsa shınıg`ıwlar ja`nede anıq is xarakterinde boladı. Bul shınıg`ıwlar ma`jburiy bolıp, balalardan belgili da`rejede dıqqat-itibardı, erklilikti talap etedi, en da`slep, uzaq dawam etiwge , yag`nıy dıqqattın turaqlı bolıwına ha`m ıqtıyarlı basqarıwg`a biliwge asırılg`an talap qoyıladı.

Ku`ndelikli shınıg`ıwlarda, oyınlarda balanın` seziw organları ha`m sezgirligi rawajlanadı ha`m jetilisip baradı. 5 jaslı balalardın` ko`rip atırg`an, esitip atırg`an ha`m uslap ko`rip atırg`an zatların tusinip alıwg`a bolg`an umtılıwı qabıl etiw protsessinde ja`nede anıqraq payda boladı.

5 jaslı balalardın` qabıl etiw o`zgesheligi olardın` oyınlarında, suwretlew ha`m miynett iskerliklerinde ju`da` ha`m anıq ko`rinedi. U`lken topar balalardın`

iskerliginde qayta tiklenip atırg`an waqıya yamasa fakt detallardın` za`rur ha`m tiykarg`ı o`zgeshelikleri aralastırıp jiberilmeydi. Balalar o`zleri salıp atırg`an suwretke onın` tiykarg`ı mazmunın kusheytiretug`ın, bo`rttirip, anıq ha`m dinamikalıq etip ko`rsetetug`ın waqıyalardı qosadı.

Balalarda o`z ha`reketlerin ıqtıyarlı basqara alıw qa`biletinin` o`sip barıwı a`sirese, olardın` yadında anıq payda boladı. Olarda kerekli materialdı este saqlap qalıwg`a bolg`an qızıg`ıwshılıqtın` a`hmiyeti ele ju`da` u`lken. Biraq bir materialdı este saqlap qalıw yamasa qayta eske tu`siriw ko`binese za`rur talaplarg`a boysınadı.

Demek, u`lken topar balalar menen alıp barılatug`ın ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslar, olardın` fizikalıq ha`m psixikalıq rawajlanıw o`zgesheliklerin esapqa alıp ta`rbiyashı shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriwi lazım.

## II Bap. U`lken topar balalar menen ta`lim-ta`rbiyalıq jumıslardı sho`lkemlestiriwdin` mazmunı ha`m usılları

### 2.1. U`lken topar balalardın` oyınına pedagogikalıq basshılıq etiw

U`lken topar balalar turmısın tuwrı sho`lkemlestiriw balalar o`miri, iskerligi ha`m qarım-qatnaslarına ta`rbiyalıq ta`sirdin` pu`tin jıyındısınan maqsetke muwapıq ha`m ha`r dayım paydalanıw jolı menen a`melge asırıladı.

Balalar topardag`ı ha`reket qag`ıydaların biledi, ta`rbiyashılarg`a isenim menen qarım-qatnasta boladı, ten`lesleri menen birgelikte oynawdı jaqtıradı. Bul jastag`ı balalar kundelikli turmıs ilajlarına o`z betinshe birigiwlerine, ta`rtipli kiyiniw, juwınıw ha`m awqa`lanıwg`a, bir-birine ja`rdem beriwge qa`dir boladı. Biraq balalar topardag`ı ja`ma`a`t, sho`lkemlesken ha`reketleri onsha qa`liplespegen boladı ham ha`r bir balanın` ha`reketleri jeterlishe turaqldı emes. Balalardın` topardag`ı turmısları, iskerlikleri ha`m o`z-ara qarım-qatnasıqların sho`lkemlestiriwdegi orın ta`rbiyashıg`a tiyisli. Ol balalardın` o`z betinsheligi ha`m ko`nlikpelerine tayanıp kundelikli ta`rbiyalıq isler mazmunı ha`mde onı sho`lkemlestiriw formaların rawajlandıradı. Toparda tınıshlıq ha`m ta`rtiplikti saqlawdı na`zerde tutadı.

U`lken topar balalardın` topar xanaları ren`i ha`m, mebellerdin` tan`lanıwı, jaylastırılıwı, bezeliwi, ha`r qıylı iskerlik turleri ushın a`sbaplar ha`m parıqlap turadı. Toparda shınıg`ıwlar xanasın ajıratıp u`skeneleniwi lazım. Bul maqsette mebel komplekti: ta`rbiyashı stolı, kombinatsiyalang`an taxta, ekran, shkafdan paydalanıladı. O`z betinshe iskerlik ushın balalar material ha`m qollanbalardı biyma`lel alıwları kerek: bul oyınshıqlardı kutılar qoyılg`an uzın stol ko`rgizbe shkaf, polkalar ha`m usı sıyaqlılar bolıwı mu`mkin. Topar xanasındag`ı ta`biyat mu`yeshi qol miyneti, kitaplar ko`riw, o`z betinshe muzıqa ha`m suwretlew iskerligi ushın mu`yeshler ajıratılıwı lazım.

Stollar, bo`linnetug`ın shkaflar, oyınshıqlar, oqıw qollanbaları, balalar oqıw ha`m oyın materialların erkin alatug`ın ha`m ornına qoyyatug`ın emes, al za`rurlik tug`anda u`skenelerdin` bir bo`legin suriw ha`mde topar xanasının` belgili bo`legin qurılıs materialları yamasa basqa oyınshıqlar, qolanbalar menen oynalatug`ın birgeliktegi oyınlar ushın bosatıw imkaniyatı bolatıg`ın etip jaylastırıladı.

Maydan ha`r qıylı oyınlar ha`m sport kewil ashıwlar ushın jay ajıratıladı, gulxana ha`m egiletug`ın jer islenedi, bul jerde balalar palız ha`m gullerdi o`z betinshe egedi.

U`lken toparda orta toparg`a qarag`anda ayrım kun ta`rtibi protsesslerinin` dawamlıg`ı qısqartıladı ha`m ayrımları uzaytırıladı. Ma`selen, shınıg`ıwg`a (dem alıs penen barlıq u`lken toparlarda) 1 saat 50 minut. Seyilden qaytıw ha`m tuslikke tayarlanıw waqtı qısqartıladı, sebebi balalar endi burıng`ıdan tezrek sheshinedi. Kundizgi uyqı 20-25 minutqa qısqaradı (ol 1 saat 45 minut dawam etedi). Kesh-tuski awqatqa tayarlanıw 10 minutqa qısqarıp, kesh-tuski tuslikten keyingi oyın yamasa miynet dawamlıg`ı asırıladı.

Balalar turmısın sho`lkemlestirer eken, ta`rbiyashının` ta`rtibi haqqında esletedi tek. Ta`rbiyashı bolajaq iskerligi maqsetin tusindirgennen son` balalar onı orınlawg`a tiykarınan o`zleri kirisedi. Olar kerekli bolg`an barlıq na`rseni o`zleri tez orınlawg`a ha`reket etedi. Biraq ayrımları berilip ketip, uslanıp qaladı, shılg`ıwları mu`mkin, bunday awhallardı ta`rbiyashı na`wbettegi protsesske o`tiw lazımlıg`ın ja`ne bir ma`rte esletiwi mu`mkin. «Islam, kiyinip, seyilge shıg`atug`ın waqıt boldı». Ta`rbiyashının` dawısınan bala bolajaq iskerliginin` za`rurligin an`lawı lazım.

Tikkeley ko`rsetpe beriw ha`m esletiw sıyaqlı usıllardan tısqarı bolajaq iskerlikti oyın tiykarında sho`lkemlestiriw kerek.

Bes jaslı balalardın` qızıqlı oyınlar oylap tabıwı, onın` mazmunın toltırıw ushın qıyalları jetkenshe rawajlang`an boladı, birak olar ele o`z maqsetlerin ha`mme waqıt a`melge asıra bermeydi. Olardın` oyını jan`a sa`wleler ta`sirinde an`satlıq penen o`zgerip ketiwi mu`mkin: «komandir» «a`skerler»ge izlewge barıu ushın buyrık beredi, olar maydan boylap tarqalıp ketedi ha`m buyrıqtı umıtıp qoyadı, komandirdin` o`zi ha`m onı esinen shıg`arıp jiberdi, okop qazıwg`a berilip ketti. Bunday waqıtlarda ta`rbiyashının` ja`rdem ko`rsetiwi orınlı.

Bes jaslı bala belgili bir oyın ha`m oyınshıqlar oynawdı abzal ko`redi. Toparda qurılıs materialları, quwırshaqlar, a`skeriy oyınlar oynawdı qa`lewshiler ajıralıp turadı. Qızıg`ıwshılıqlar o`zgeriwi mu`mkin, biraq ko`pshilik balalarda olar bir qansha turaqlı boladı.

Oyınshıqlar balalardın` ha`reketlerin toltırıp g`ana qalmaydı, al ko`binese oyında qatnasıwshıg`a aylanadı. Ma`selen, «Qızıl shapka» ertegi oynalmaqta, bunda quwırshaqlar qızdı, onın` anasın ha`m kempir apasın, oyınshıq kushiq bolsa qasqırdı sa`wlelendiredi. Bala quwırshaqlardı kerekli ha`reketler etiwge ma`jburleydi, o`zi bolsa olar ushın so`yleydi. Geyde putin oyın dawamında qurılıs materiallarınan bir na`rse qurıladı. Eger qurılıs jaqsı shıqsa, oyın maqseti paydı boladı: qurılg`an imaratqa quwırshaqlar ko`ship kiredi, «bag`»da bolsa balalar seyil etedi. Bul jasta eksperiment-oyınlar, syujetli bolmag`an ermek-oyınlar ha`m oynaladı. Bul oyınlarda buyımlardın` o`zgesheliklerin biliwge, ha`reketlerin shaqqanlıq penen orınlawg`a qızıg`ıwshılıq anıq sa`wlelengen boladı. Ma`selen, suw menen oynalatug`ın oyınlarda balalar qanday zatlar suwda sho`giwin, qaysıları sho`kpesligin sınap ko`riwge ju`da` qızıg`adı.

Oyın mazmunının` rawajlanıwı ha`m oyıng`a qızıg`ıwshılıqtın` artıwı menen oyında qatnasıwshı balalardın` o`z-ara qarım-qatnasları ha`m quramalasadı. Balalar kishi toaprlarg`a birlesedi, bul toparlar ko`binese saylap alıw xarakterinde sho`lkemlestiriledi. Olardın` oyınları 50 minuttan 2 saatqa shekem dawam etiwi mu`mkin.

5 jaslı balalar oynaytug`ın oyınlardın` xarakterli o`zgesheligi olardın rejeli bolıwı. Balalar oyın baslanaman degenshe onın` maqsetin dodalaydı, mazmunın anıqlaydı, kelisip alıw tiykarında rollerdi bo`listiredi.

Balalar oyın mazmunın teren`lestiriwge, insanlardın` o`miri, o`z-ara qarım-qatnasların sa`wlelendiriwge, roldi ju`da` jaqsı tu`sinip alıwg`a ha`reket etedi. U`lken topar balaları waqıyalardın` ma`nisi ta`repten baylanısın anıqlaw, payda bolg`an qarama-qarsılıqlardı joq etiw ushın sorawlar beredi.

Ta`rbiyashı balalardın` sa`wlelerin ha`m tu`siniklerin ken`eytip baradı, zat ha`m qublıslardag`ı en` za`rur ta`replerin ko`riw, olardı belgilewge uyretedi, oyınlar ushın sharayat jaratadı, balalardın` o`z betinsheligin asıradı, oyındı kerekli bag`darda basqaradı.

Balalar o`mirinde dramalastırılg`an oyınlar u`lken orın iyeleydi ha`m ol tayar syujet tiykarında jaratıladı. Oyın rejesi, ha`reketleridin` izbe-izligi aldınnan

belgilengen boladı; qahramanlardın` obrazın, olardın` ha`reketlerin anıq ko`z aldına keltiriw, waqıyalardın` dawam etiwin jaqsı eslep qalıw talap etiledi.

«Teatr» oyınında a`dette balalar jaqsı biletug`ın ertek yamasa gurrin`ler aytıp beriledi. Geyde balalardın` o`zleri artist boladı, basqa waqıtlarda quwırshaqlardın` spektakillerin sho`lkemlestiredi. Ertek ha`m gurrin`lerdi sahnalastırıw ushın kostyum elementleri, geybir dekoratsiyalar talap etiledi. U`lken balalardın` o`zleri geybir na`rselerdi jasawları mu`mkin. Eger balalar spektakl` qoyıwdı rejelestirse, olar ushın en` qızıqlı narse og`an tayarlanıw protsessi. «Artist»ler ta`rbiyashı basshılıg`ında p`esa tan`laydı, rolerdi bo`listiredi, oyın ushın kerekli zatlardı tawadı, olardı erkin turde tayarlaydı. Bunday teatr ushın hesh qanday repetitsiya o`tkeriw talap etilmeydi, biraq balalarg`a ertekti da`slep o`zleri ushın, keyin bolsa tamashago`yler ushın ko`rsetiwlerin ma`slahat beriw mu`mkin.

Ha`mme balalar aktiv bolıwları ushın olar gezegi menen  artist, tamashago`yler boladı.

Bes jaslı balalar oynaytug`ın qurılıs oyınlarının` syujeti bir qansha turaqlı, ideyaları teren` boladı, balalarda ha`m  birgelesip oynaw talabı kushlirek boladı. Balalar iri qurılıs materiallarınan paydalang`anlarında bul a`sirese anıq ko`rinedi. Balalardın` qurılıs uqıplılıqları bir qıylı bolmaydı. Toparda ha`r dayım kimdir geybir uqıplılıqlardın` barlıg`ın menen ajıralıp turadı. Balalar qurılıstın` xarakteri haqqında, kim qanday isti orınlawı haqqında o`zlerinshe kelise almaydı. Sonın` ushın olarda kelispewshilikler payda boladı. Sonlıqtan ta`rbiyashının` qurılıs oyınlarına basshılıq etiwi za`rur.

Ta`rbiyashı balalardı qurıw-jasawg`a uyretiwdi dawam ettiredi, olardı ja`ma`a`t ta`rizinde qurıwg`a, oyındı rejelestiriwge uyretedi, jaqsı shıqqan qurılıslardı, balalardın` jumıstag`ı o`z betinsheligin xoshametleydi. Ta`rbiyashı balalardın` belsendiligin xoshametler eken, bul oyıng`a passiv, uyalshaq balalardı tartıwg`a ha`reket etedi.

Qurılıslarda do`retiwshilik baslama ko`rsete biliw bul jasta a`sirese anıq payda boladı. Qurılıs tematikası ju`da` ha`r-qıylı bola baslaydı, balalar o`z nietlerin qurılıs arqalı a`melge asırıwg`a ha`reket etedi.

Azang`ı ha`m keshki saatlarda balalar stol ustine qoyıp oynaytug`ın baspa oyınshıqlar menen oynawdı jaqsı ko`redi. Ko`binese bul oyınlar o`z betinshe ta`rizde sho`lkemlestiriledi ha`mde mazmunı ha`m oyın qag`ıydaları balalarg`a jaqsı tanıs bolg`an loto oyınınan ibarat boladı. Eki topar – oynawshılar ha`m baqlawshılar toparları sho`lkemlestiriledi. Bunday oyınlarda ta`rbiyashı soraw ha`m usınıslar menen oynawshı balalarg`a ja`rdem beriwi za`rur. Balalardın` qag`ıydalar tiykarında oynawlarına ayrıqsha a`hmiyet beriw kerek. Baqsha jasındag`ı u`lken balalarg`a stol ustine qoyıp oynalatug`ın quramalıraq oyınlar: «formasına ko`re tan`lap al», «jaz, qısqa say suwretlerdi tan`lap al» h.t.b. beriledi. Balalar menen ziyreklikti, tez kerekli juwaptı tawa biliwdi talap etetug`ın so`z oyınların o`tkeriw a`sirese paydalı. Bul jastag`ı balalardın` oyınlarına pedagog basshılıq etiwdin` o`zine say ta`repi olarg`a o`z betinshelik beriw.

Bes jaslı balalardın` kum menen oyın o`tkeriwleri waqtında olarg`a qosımsha material – kutıshalar, shnur kerek boladı, bul na`rselerdi balalardın` o`zleri tayarlaydı. Bul oyınlardı o`tkeriwde balalar toparlarg`a bo`linedi, ha`r bir toaprda belgili bir isti orınlaydı; bir topar «qurılısta» islese, basqası oyınshıqlar jasaydı h.t.b.

Qısta baqsha maydanshası qar ha`m muzdan turli ha`r qıylı qurılıslar qurıw, qurılıs oyınların o`tkeriw yamasa buyımlar jasaw mu`mkin. Bunday waqıtlarda ta`rbiyashı baslama ko`rsetedi, biraq islerdi balalardın` o`zleri o`z betinshe orınlaydı.

Bes jaslı balalar o`mirinde ermek-oyınlar ha`m ermek-oyınshıqlar: burıp jurgiziletug`ın qus, avtomobiller, domalaytug`ın maymıl h.t.b. menen oynalatug`ın oyınlar u`lken orın iyeleydi. Ta`rbiyashı balalarg`a oyınshıq mexanizmlerin qanday ha`reketke keltiriw mu`mkinligin tu`sindiredi ha`m ko`rsetip beredi; kishi balalar menen kewil ashıw oyınlar oynaw ha`mde olarg`a ermek-oyınshıqlardı ko`rsetiw ushın u`lkenrek balalardı tartadı. Bul jastag`ı balalarg`a «Ushıp ketti», «ushadıma, ushpaydı ma?» usı sıyaqlı ermek-oyınlar usınıs etiledi. Bul oyınlar ju`da` tez tempte o`tkeriledi. Ta`rbiyashı «ushadıma, ushpaydıma?» oyının` baslawda, da`slep haqıyqattan ushatug`ın zatlar: samolyot, vertolyot, parashyut h.t.b. atların aytadı, son` (balalarg`a sezdirmey) bular qatarına uypaytug`ın zatlar: uy, stol, stul h.t.b. atların qosıp aytadı. Oyın balalardan dıqqattı, ziyreklikti talap etedi. Juwaptın` nadurıs bolıwı balalardı qızıqtıradı, kuldiredi, olarda kuwanısh keypiyatın payda etedi.

Bunday oyınlar kunine to`rt ma`rte: azang`ı awqatqa shekem, azang`ı awkat ha`m shınıg`ıwlar arasında, kundiz ashık hawada ha`mde kundizgi uyqıdan son` o`tkeriledi.

Azang`ı saatlarda balalar ko`birek rollerge bo`linip oynalatug`ın, qurılıs ha`m didaktikalıq oyınlardı oynaydı. Sonın` ushın olarg`a stol ustine qoyıp oynalatug`ın baspa oyınlar, u`lken ha`m kishi qurılıs materialları, mozayka, quwırshaqlar usınıs etiledi. Basında ta`rbiyashının` o`zi balalarg`a bir oyınnın` mazmunı ha`m qag`ıydaların aytıp beredi, oyında tikkeley qatnasadı, keyin bolsa balalardın` oyın qag`ıydaların orınlanıwın baqlap turadı.

Shınıg`ıwlar aralıg`ında topar xanasındag`ı sharayat imkaniyat beriwine qarap, bir az aqılıy miynetti talap etetug`ın mayda oyınshıqlar, top, konstruktorlar menen oynalatug`ın oyınlar sho`lkemlestiriledi. Ta`rbiyashı bul oyınlar balalardı sharshatıp qoymaslıg`ın baqlap turadı.

Shınıg`ıwlardan son` eki saat seyil o`tkeriledi. Balalar seyil waqtında tiykarınan oynaydı. Ayrım balalar o`zlerine jag`ıp qalg`an oyınlardı dawam ettiredi, basqaları bolsa bir jan`a oyın tan`laydı. Ha`reketli oyınlar waqtında balalardın` qanday kiyingenliklerin itibarg`a alıw lazım. Bunnan tısqarı, oyınnın` ha`reketshen`ligi balalardın` salamatlıg`ın esapqa alg`an halda jekelestirilgen bolıw kerek. Hawa suwıq kunlerde oyınlar bala organizmine jeterli nagruzkanı beriwi, balalardı tez ısıtıw kerek. Balalar jazda suw ha`m kum menen oynalatug`ın oyınlardı ko`birek oynawları mu`mkin. Seyil waqıtlarında didaktikalıq oyınlar ha`m sho`lkemlestiriledi. Olardın gey birewleri ha`reketler menen baylanısqan boladı: bayraqshalar menen oynalatug`ın oyınlar, samalyot h.t.b. Jugiriwden son` dem alıw ushın ha`m didaktikalıq oyınlardan paydalanıladı.

Kısta keshki saatlarda oynalatug`ın oyınlar a`dette xanada o`tkeriledi, biraq ayırım wa`qıtlarda olar ashıq hawada o`tkeriliwi mu`mkin. Keshqurın ko`birek rollerge bo`linip oynalatug`ın ha`m qurılıs oyınları oynaladı, balalar ıqtıyarına ha`r qıylı ermek oyınshıqlar beriledi.

Solay etip, ta`rbiyashı balalar oyınlar sholkemlestiriwge basshılıq etedi ha`m olar oyınların bag`darlap turadı.

## 2.2. Miynettin` balalar o`mirin sholkemlestiriwdegi ornı

Ha`reketlerdi iyelep barıw ha`m olardı basqarıw qa`bileti bala miynet iskerliginin` jan`a imkaniyatlarında sezilerli da`rejede payda boladı ha`m quramlasıp baradı: onın` mazmuni, sebep ha`m bag`darı o`zgeredi.

Ya.Z.Neverovichtin` izertlewlerinde jas o`sken sayın bala iskerliginde sebeplerdin` roli artıp barıwın ko`rsetedi. Altı jaslı bala birinshi gezekte ne ushın islep atırag`nın biliwi zarur. Ja`miyetlik sebepler joqarı sıpatlı jumıslardı orınlaw imkaniyatın beredi. U`lken topar balaları endi ha`r qıylı a`sbap penen qolda mayda ha`reketlerdi orınlay aladı. Balalar kishkene pıshqı, qayshı, iyne ha`m sho`kkish penen jumıs islewdi jaqsı ko`redi. Olar ha`r qıylı ha`reketlerdi: qag`ıw, vintlerdi buraw, tigiw, qırqıw, kir juwıw ha`m t.b. orınlaydı.

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemelerinde topardag`ı balalar jumıs orınlap atırg`anlarında olardın` gewdesin uslap turıwı ha`m ha`reketlerin ta`rbiyashı bir o`zi baqlap turıwı qıyın, sol sebepli bunday jumıslardan qorqıw belgili da`rejede durıs. Ta`jiriybe balalar sanı kem bolg`an u`lken toparlarda balalarg`a ag`ash, qag`az, gezleme, karton menen islewleri ushın geybir a`sbaplardı beriw mu`mkin ha`m kereklerin ko`rsetedi. Bunda uqsas a`sbaplardı, yag`nıy haqıyqattan ha`m a`sbapta islew mu`mkin bolmag`an oyınshıq jıyındısın beriw ju`da` zıyan. Bul a`sbaplar iyilip, sınıp ketedi ha`m sonshelli o`tpes boladı, hesh na`rseni qırqıp bolmaydı ha`m hesh na`rsege jaramaydı. Bunday a`sbaplar balalardın` ashıwın keltiredi, na`tiyjede onın` a`ne sonday is turine qızıg`ıwshılıq jog`aladı.

Balalarga kishi jen`il, biraq haqıqıy pıshqı, sho`kkish, baltasha, otvertka, shege berse ha`m u`lkenler balalarga bul haqıyqıy a`sbaplar menen abaylap qatnasta bolıw ushın sharayat jaratsa, balalar bul a`sbaplar menen islesiwdi tez uyrenip aladı. Ko`rsetiw, qadag`alaw, tu`sindiriw, ja`rdem beriw za`rur, a`lbette-sonda g`ana bunday a`sbaplar menen islesiw hesh qanday qa`wip tuwdırmaydı. Balalar a`sbaplardı ha`r dayım durıs tutıwg`a, biraq jumıstı orınlaw ushın g`ana alıwg`a ha`m ol menen u`lkenlerdin` ko`rsetpelerine muwapıq islewge uyretiledi.

5 jaslı bala miynet iskerliginin` a`piwayı turine psixologiyalıq ta`reptne tayar- onın` qolı ha`m dıqqatı za`rur is-ha`reketlerdi iyelewge ha`m bir qatar a`meliy uqıplılıqlardı payda etiwge tayar.

Ha`r bir iskerliktin` jetiskenligi belgili iskerlik talap etetug`ın uqıplılıqlardı insan qanshelli iyelep alg`anlıg`ı baylanıslı bolıwın ta`rbiyashılar jaqsı biledi. Uqıplılıq joqarıda aytıp o`tilgenindey bunı insan avtomat ta`rizinde qanday a`melge asırıw kerekligin oylamay otırıp orınlaytug`ın iskerlik texnikası, ha`reket ha`m is. Ma`selen, u`lken adam jazıp atırg`anda qag`azda nelerdi bayan etiw kerekligi haqqında oylaydı, qolı o`z-o`zinen ha`reket ete beredi. Sonday-aq, kishi oqıwshının` ha`rip ha`m so`zlerdi qanday jazıwdı eslep ko`rin`. Ol ha`r bir sızıqtı, tuwrı sızıqtı bo`lek-bo`lek jazadı, onın` qolı qatıp qalg`an, putkil dene muskulları teren` tartılg`an, ha`r bir shtrix onnan «ku`sh salıwdı» talap etedi. Ha`ripler tegis emes, qıysıq shıg`adı. Jazıwdı shınıqtırıp bala grafikalıq uqıplılıq payda etedi. Ha`reketler ansat, tez orınlanadı, haripler shıraylıraq, tegis shıg`adı, basıp jazıw jog`aladı. Qalg`an barlıq: kon`kide jugiriw, mo`ljelge alıw, tigiw , oqıw ha`m esaplaw h.t.b. uqıplılıqlar ha`m usı ta`rizde payda boladı.

Egerde bala ju`da` bolmag`anda bir oqıw-miynet uqıplılıqların iyelemegen bolsa, ma`selen o`lshep alıw, qırqıw, boyawdı bilmese, ol shıraylı nag`ıs isley almaydı, yolka ushın oyınshıq jasay almaydı yamasa qag`azdan jasalg`an quwırshaq ushın shıraylı ko`ylek qırqıp onı boyaw almaydı.

Uqıplılıqlardın` a`hmiyeti u`lken. Ta`rbiyashılar bir ha`rekettin` o`zin ko`p ma`rte ta`kirarlaw na`tiyjesinde uqıplılıq payda bolıwın tek g`ana sonday sharayatta avtomat ta`rizinde orınlanatug`ın bolıwın biledi.

Egerde ta`rbiyashı tek g`ana usı ma`sele menen sheklengende edi, ol a`lbette, avtomat-adamdı jaratqan ha`m ol, ma`selen royalda oynaw texnikasın ayrıqsha da`rejede iyelegen, biraq muzıkalıq rawajlanıwı ta`repinen parıqlamaytug`ın adamda ta`rbiyalag`an bolar edi.

Tez ha`m tuwrı jazıw uqıplılıg`ın iyelew insandı jazıwshı etip jetilistire almaydı, ha`tteki diywalı gazeta ushın qızıqlı ha`m logikalıq durıs maqala jazıwg`a ja`rdem bere almaydı.

O`sip kiyatırg`an a`wladtı miynetke tayarlaw onda tek g`ana uqıplılıqlardı payda etiw g`ana emes, al ulıwma ha`m arnawlı turge iye bolg`an bir qatar ko`nlikpelerdi rawajlandırıwdı ha`m talab etedi. Bul onın` en` da`slep, o`z iskerligin arnawlı tu`sine biliw ko`nlikpesi bolıp, bul insan ushın oylang`an maqset bolıp qaladı. Ko`nlikpe o`z iskerligin rejelestiriwde, qoyılg`an maqsetke erisiw jolında insang`a ushırasatug`ın talaplardı ko`re biliwde payda boladı. Ko`nlikpe orınlang`an isti kritikalıq analiz etiwde ha`m onı bahalawda ko`rinedi. A`piwayı bet oramaldı tigiw ushın qırqıw ha`m tigiw uqıplılıg`ın puxta iyelewdin` o`zi jeterli bolmaydı. Bunda ha`r bir ayırım operatsiyanı orınlaw ushın qanday izbe-izlikte, qanday ha`m qaysı a`sbaplar menen islewdi biliw kerek. O`z jetiskenligi ha`m kemshiligin, olardın` sebebin ha`m duzetiw jolların ko`re biliw kerek. Demek, ko`nlikpe insannın` tek g`ana fizikalıq emes, al aqılıy rawajlanıwının` ha`m jetiskenligi. Insannın` tek g`ana ko`nlikpelerdi iyelewi ol miynet etiwge tayar boldı, degen emes, a`lbette. Bala tek g`ana iskerlik uqıplılıqların jetilistiriw ha`m bekkemlew isin olardın` ulıwma aqılıy ko`nlikpelerin rawajlandırıw menen birge qosıp alıp barılg`anda g`ana balanın` rawajlanıwında unamlı na`tiyjelerge erisiw mumkin.

5 jaslı balalar ushın ko`p ma`rte ta`kirarlanatug`ın bir qıylı ha`reketlerdi o`z betinshe orınlawg`a, quramalıg`ı ta`repinen a`ste-aqırın artıp barıwshı ha`r qıylı ma`selelerdi sheshiwge, qoyılatug`ın talaplardın` asırılıwın birge qosıp alıp barıw balalardı mektepke tayarlawdın` za`ruriy formalarınan biri.

5 jaslı balalar haqıyqattan ha`m u`lkenlerge ja`rdem bere aladı. Olar uy haywanların ha`m xana o`simliklerine qaraydı, akvarium suwın almastıradı, shan`lardı aladı, oyınshıq muyeshlerin ta`rtipke keltiredi. Balalar stoldı bezewdi ha`m jıynastırıwdı, o`z orınların salıwdı biledi, tek g`ana dasturxandı taxlaw, kravat ustine odeyaldı shıraylı etip jayıwda ja`rdemge mu`ta`j boladı. Bul ja`rdemdi og`an u`lkenler emes, al ten`lesleri-dosları beredi.

Balalarda tek g`ana tiyisli uqıplılıqlardı emes, al ulıwma xarakterge iye bolg`an ha`r qıylı ko`nlikpelerdi payda etiwde ha`r qıylı oyın turlerinen paydalanıw, yag`nıy ratsional, tejegen halda ha`m ha`mme waqıt aqıl isletip orınlanatug`ın istin` en` jaqsı usıllarınan paydalanıp, miynet etiw ko`nlikpesin payda etiw za`rur.

Eki-u`sh geyde ko`pshilik bolıp, kelisken halda miynet etiwdi talap etip, balalardın` maydanshada, bag`da ha`m jer maydanshasında orınlaytug`ın tapsırmaları quramalasıp barıladı. Maydanshadag`ı japıraqlardı jıynap alıw yamasa jolg`a kum sebiw ushın, gey birewleri japıraqlardı toplawları, birewleri zambildi ko`teriwi, birewleri kum alıp keliwleri, birewleri kumdı zambil salıwı ha`m balalardan ja`ne birewleri onı dolg`a sebiwi kerek boladı.

Bir-birine  za`rur ja`rdemdi berip ha`m dosları aldında belgili juwapkershilikti seziw birgelikte isley alıw  ko`nlikpesi – bul haqıyqıy ja`miyetlik miynettin` burtigi. Bunda u`lkennin` kishkenege, ta`jiriybelirektin` jasqa ko`rsetetug`ın ja`rdemi ha`m anıq ko`zge taslanadı. Balalar ortasındag`ı ja`miyetshiliktin`  qarım-qatnasıg`ı a`ne usı ta`rizde ju`zege keledi.

5 jaslı balalar belgilengen: «brigadir» yamas «baslıqtı» ta`n alıw say o`zgeshelik, egerde baslıqtı o`z ishlerinen o`zleri saylasa ja`ne de jaqsı isleydi. Olar boysınıwdı biledi ha`m olardan ko`pshiligi onsha u`lken bolmag`an topardag`ı dosları ushın ha`mde o`zlerine berilgen tapsırma ushın haqıyqıy juwapkershilikti seziwdi uyrenedi.

Bul ko`nlikpeler u`lken, uzaq mu`ddetli ha`m izbe-iz ta`lim-ta`rbiyalıq istin` na`tiyjesi. Egerde bul is kishi topardan baslanıp ha`r dayım o`tkerilse, ol waqıtta u`lken toparda balalar tiykarg`ı sıpatlardı iyelegen boladı. Bul sıpatlar olardın` keyinshelik sanalı, ta`rtipli jumısshı bolıp jetilisiwinde za`rur.

Altı jaslı balalarda doslarına, keyinrek o`zlerine  qarag`anda joqarı ha`m ob`ektiv  talapshan`lıktı ta`rbiyalawda qag`ıydalardın` a`hmiyetin uyrenedi. Ol toparda ornatılg`an qag`ıyda ta`rbiyashı ha`m baqsha xızmetkerleri ja`miyeti ta`repinen qollap-quwatlanıwı tez balalarg`a balalar isin ha`m minez-qulqın ha`mde o`z-o`zin bahalawg`a tiykar bolıp qaladı. A`ne usq bahalar tiykarında balalardın` ol yamasa bul ha`reketlerin, bir isti orınlawg`a bolg`an qatnasıg`ı ju`zege keledi.

Qag`ıyda ha`m bahanın` rolı balanın` ha`r qıylı iskerliginde ma`selen, na`wbetshilikti sho`lkemlestiriwde anıq ko`zge taslanadı. Na`wbetshiler jumısı haqqında balalardın` o`zinin` dodalawı qanday barıp atırg`anlıg`ı qımbatlı esaplanadı. Sonday-aq, na`wbetshiler ha`m o`zleri islegen jumısları haqqında  tuwrı aytadı. Olar basqa bir jol qoyg`an ko`z bayqar-baykamas qa`teni ha`m eslep haqıyqıy aytıp o`tedi. Ha`tteki na`wbetshiler jumısı pu`tkil ja`miyet ta`repinen joqarı bahalag`anda ha`m

balalar jol qoyılg`an qanday da qate-kemshilik, yag`nıy qag`ıyda buzılg`anın sezip qaladı.

Jumıstı orınlawdag`ı haqıyqatlıq ha`m anıqlıq o`zi ha`m o`z ha`reketleri haqqında tuwrı juwmaq shıg`arıw, isti ob`ektiv bahalaw – bulardın` barlıg`ı printsipialliktin` rawajlanıwınıın` baslanıwı. Bul a`dep-ikramlılıq ha`m erk sezimleri tez balanın` basqa insanlarda ko`rinetug`ın minez-qulıqqa qarım-qatnasın anıqlawg`a tiykar boladı.

Egerde balanın` ha`r qanday iskerligi belgili qag`ıyda yamasa talaplar shen`berinde ornatılg`an bolsa, eger ta`rbiyashı balalar isin bahalawda ha`r dayım, usı qag`ıydalarg`a suyense ha`m balalar orınlag`an isti bahalawda olarg`a a`mel etse, ol awhalda balalar usı qag`ıydalarg`a boysınıwg`a uyrenedi. Biraq, ga`p tek bunda g`ana emes. Ornatılg`an qag`ıydalar balalarg`a basqa balalardın`, keyin bolsa o`zinin` ha`m minez-qulqın bahalawında tiykar bolıp qaladı, yag`nıy bala ushın haqıyqattan ha`m a`dep-ikramlılıq minez-qulıq norması a`hmiyetin qa`sip etip baradı.

Sonday etip, basqalar miynetine, onı bahalawg`a tuwrı ha`m ob`ektiv qarım-qatnasta bolıw ha`m islep aırg`an bala haqqında pikir ju`ritiw en` da`slep ha`r bir balanın` ne islew kerek, qanday etiw ha`m ne ushın sonday islew kerekligi haqqında anıq bilimge tayanadı. Balalardın` bul bir-birine ha`m o`z-o`zine qarag`anda tiykarlı qarım-qatnasıqtı payda etiwde tiykarg`ı roldi shınıg`ıw islew, tiyisli jumıslardı orınlaw, olardın` keyin bahalanıwı, sistemalı a`meliyatqa oynaydı.

Balalardın` miynet iskerligi haqqında aytar ekenbiz, dıqqattı biykarg`a bizler bahanın` roline qaratqanımız joq. Miynetke unamlı qatnasta bolıw balanı miynet iskerligine psixologiyalıq ta`repten tayarlawdın` tiykarg`ı ta`replerinen birin sho`lkemlestiredi. Bunnan tısqarı, miynet haqqındag`ı bilim ha`m payda bolg`an uqıp ha`m ko`nlikpelerdi o`z ishine aladı.

Mektepke shekemgi kishi jastag`ı balalar o`z a`tirapındag`ı insanlar miyneti menen tanısadı ha`m a`piwayı miynet tapsırmaların orınlawg`a uyretiledi. A`ne usı waqıtta miynetsu`yiwshilikti ta`rbiyalaw ha`m baslanadı. Biraq, u`sh-bes jaslı bala, olarda bir na`rsege anıq qarım-qatnas payda bolıwı ushın ele ju`da` kishkene.

Bes jaslı balalarda islep atırg`an ha`m bunda jaqsı, anıq, tez, shaqqan islep atırg`an insanlarg`a, basqalarg`a ja`rdem beretug`ın ha`m basqalardan uyrenetug`ın, o`z isin kritikalıq ko`z-qarastan tekseretug`ın ha`m isti ja`nede jaqsıraq, aldın`g`ısınan tezirek orınlaytug`ın adamlarg`a qarag`anda unamlı qarım-qatnas ta`rbiyalaw mumkin ha`m za`rur.Sonday-aq, ha`r dayım  balalarda, jalqawlarg`a, basqalarg`a kesent beretug`ın basqalardın` miynetin qa`dirlemeytug`ınlarg`a qarag`anda unamsız qarım-qatnasıqtı ta`rbiyalap barıw za`rur.

Ta`rbiyashı balalarda miynetsu`yiwshilik ha`m jalqawlarg`a biyparıq qaramaw qatnasın ta`rbiyalap atırg`anda ha`r qıylı sharayatlarg`a: balanın` tayarlıg`ına, ol onın` jeke o`zgesheliklerine qarap ha`r qıylı usıllardan paydalanıw mumkin.

Toparda ornatılg`an bir talap ha`m qag`ıydanın` buzılıwı, bir isti hujdansızlık penen orınlanıwın indemey o`tkerip jiberiwge  ha`m bunı na`wbetshi ha`m balalar ja`ma`a`tinin` sezbey qalıwına jol qoymaw za`rur. Ornatılg`an ta`rtiptin`  buzılıw awhalının` ha`r biri ko`pshilik ortasında  dodalanıwı sha`rt. Bala tapsırılg`an isti orınlawda qanshelli qatelikke jol qoysa, a`ne usı kemshilikti joq etiwge suwıqlıq penen qarasa, og`an sonshelli ko`p ko`rsetpe beriw ha`m usı waqıtta paydalı ma`slaha`tler berip ja`rdelesiw kerek.

Balalarda basqalarg`a ha`m o`z-o`zine talapshanlıqtı, miynetke unamlı qarım-qatnastı ta`rbiyalaw olardın` a`dep-ikramlılıq rawajlanıwının` tu`bin, keyin o`mirinde ha`m u`lkenler miynetinde aktiv qatnasıwının` tiykarın sho`lkemlestiredi.

## 2.3. U`lken topar balalar menen `shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriw o`zgeshelikleri

U`lken topar balalar menen shınıg`ıwlardı sho`lkemlestiriw da`stur ha`m metodları oqıw iskerligi ha`m xarakterin payda etip baradı.

Balalardın` mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde bolıwdın` oqırg`ı jılında olar menen ha`r ku`ni belgili bir waqıtta 30-35 minut dawam etetug`ın eki shınıg`ıw o`tkeriledi, geybir ku`nleri bolsa kunnin` ekinshi yarımında ja`ne bir shınıg`ıw o`tkeriledi. Bul shınıg`ıwlardı ta`rbiyashı arnawlı da`sturge muwapıq o`tkeredi. Balalar belgili bilimler sistemasın iyelep alıwları, da`sturde belgilengen uqıplılıqlardı payda etiwleri ha`m mektepte oqıwg`a tayar bolıwları kerek.

«Balajan» tayanısh bag`darlamasında u`lken toparda shınıg`ıwlardı o`tkeriw kestesi to`mendegishe ko`rsetilgen[4].

**U`lken topar (5-6 jas)**

| № | Shınıg`ıw atı | Oqıw jılı dawamında | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | ha`ptede | bir ayda | 1-yarım jıllıq | 2-yarım jıllıq | Ja`mi |
| 1 | Qorshag`an ortalıq penen tanıstırıw | 2 | 8 | 32 | 40 | 72 |
| 2 | Ta`biyat penen tanıstırıw | 0,5 | 2 | 8 | 10 | 18 |
| 3 | So`z so`a`lewdi jetilistiriw | 2 | 8 | 32 | 40 | 72 |
| 4 | Ko`rkem a`debiyat penen tanıstırıw | 0,5 | 2 | 8 | 10 | 18 |
| 5 | Baslang`ısh matematikalıq tu`siniklerdi rawajlandırıw | 1 | 4 | 16 | 20 | 36 |
| 6 | Su`wret | 2 | 8 | 32 | 40 | 72 |
| 7 | Applikatsiya | 0,5 | 2 | 8 | 10 | 18 |
| 8 | Qurıw-sog`ıw (qol miyneti) | 0,5 | 2 | 8 | 10 | 18 |
| 9 | Ilay jumısı | 1 | 4 | 16 | 20 | 36 |
| | Deneta`rbiya | 2 | 8 | 32 | 40 | 72 |
| 10 | Muzıka | 2 | 8 | 32 | 40 | 72 |
| | Ja`mi | 14 | 56 | 224 | 280 | 504 |

Shınıg`ıwlar ha`r bir baladan ha`r dayım ornatılg`an ta`rtipte a`mel etiwdi talap etedi.

[4] «Bolajon» Tayanch dastur. – T.: 2010 yil. 82-83 bet.

Ta`rbiyashı tiykarg`ı itibardı shınıg`ıwlar tempine, onın` izbe-izligine ha`m sho`lkemleskenligine, balalarda oqıw isinde za`rur bolatug`ın uqıplılıqlardı ta`rbiyalawg`a qaratadı. Balalar bir na`rse aytpaqshı bolg`anlarında qolların ko`teriwleri, basqalardın` pikirin bo`lmewi, juwap berip atırg`anda ornınan turıwı, dostısının` berip atırg`an juwabın dıqqat penen tıwı ha`m onın` qatesin du`zetiwi, ta`rbiyashının` ko`rsetpelerin anıq orınlawı kerek.

Shınıg`ıwda balalardı, o`zin sabaqtag`ıday tutıwlarına a`detlendiriwdi ta`rbiyalaw isi o`z ishine: balalarda ta`rbiyashının` so`zine dıqqattı tez qarata biliwdi, onın` talap ha`m ko`rsetpelerin da`rriw orınlawdı, ta`kirarlawdı kutpewdi, qaytadan soramawdı, materialdı ta`kirarlaw ushın artıqsha waqıt sarıplamaw ko`nlikpelerin aladı. Egerde ush krujkanı alıp qoyıw kerek bolsa, ha`mme balalar ush krujkanı da`rriw alıp qa`legen ta`rtipte emes, al ta`rbiyashı qanday ko`rsetken ha`m tu`sindirgen bolsa, usı ta`rtipte qoyıyları kerek. Shınıg`ıwlarda balalar qaysı waqıtta ko`rsetpeni anıq orınlaw kerekligin qaysı waqıtta o`z tilekleri menen is tutıwları mu`mkinligin bilip aladı. Qıs haqqında suwret salıw kerek. Suwret a`lbette qıs haqqında boladı. Biraq har qaysı bala qanday suwret saladı – bul balalardın` o`zine baylanıslı. Baslama menen ma`jburlew birgelikte belgili talaplarg`a a`mel etiwdi, balalarda za`ruriy ta`rtipti, usı menen birge o`z betinshelik ha`m baslamanı ta`rbiyalawg`a bag`darlang`an. A`ne usı maqsetti kozlep jıl aqırında ta`rbiyashı balalarga onsha u`lken bolmag`an tapsırmalardı beredi. Ta`rbiyashı balalarg`a otkrıtka yamasa go`ne jurnallar tawıp elka yamasa gul, yaki haywanlar suwretlengen suwretlerdi qırqıp keliwdi tapsıradı. Ana ha`m a`kelerinen qay jerde ha`m qanday jumısta islewleri, jumısta ne menen shug`ıllanatug`ınların sorap keliwlerin aytadı.

Bunday tapsırma balalardı keleshekte uyge berilgen tapsırmalardı orınlawg`a u`ndeydi, og`an ma`jburiy is dep qarawg`a uyretedi, olarda juwapkershilik sezimin payda etedi.

5 jaslı balalarda oyın menen shınıg`ıw arasındag`ı parıq anıq ko`zge taslanadı. Parıq, a`lbette bolıwı sha`rt. Hatteki ta`rbiyashı o`zin tutıg`a qarım-qatnası ku`ndelikli seyil yamasa oyın waqıtlarına qarag`anda bir az qattıraq boladı.

Shınıg`ıwlar mazmunınan quramalıraq ha`m balalardan jeterli da`rejede aqılıy, miynet ha`m erklilik kush beriwdi talap etedi.

Balalar menen o`tiletug`ın shınıg`ıwlardın` bir neshe o`zgesheliklerin belgilep o`tiw mu`mkin. Bul en` da`slep, ta`rbiyashı is alıp barıp atırg`an shınıg`ıwlarg`a tiyisli. Shınıg`ıwlar tek g`ana ko`lem ta`repinen ken`eytirilmeydi, al ta`rbiyashı bul shınıg`ıwlarda balalardın` ko`z aldına keltiriwlerin anıqlawg`a, ha`r bir topar zatlardın` xarakterli ha`m za`rur belgilerin ashıp ko`rsetiwge ha`m umtıladı.

Pedagog balalar dıqqatın olar a`tirapın qorshap alg`an a`lemdegi zat ha`m qublıslar ortasında bar bolg`an baylanıs ha`m qatnaslarg`a qaratadı ha`m olardı ashıwg`a balalarda qızıg`ıwshılıq oyatadı. Ha`tteki mektepke shekemgi ta`rbiya jasında bolg`an bala barlıq baylanıslardı biliwi sha`rt emes. Ko`binese balanın` dıqqatın ju`zege kelgen qublıslardag`ı ko`zge taslanatug`ın jaqsı ko`rinetug`ın baylanıslar o`zine tartadı. Solay eken, balalar endi olardan teren`irek, ko`binese jasırıng`an baylanıslardı, ma`selen, sebep, maqset h.t.b. baylanıslardı ashıwg`a qarap baradı.

Egerde orta topar balalarına seyil waqtında ko`rgen bir na`rsenin` ma`selen, hayaldı sumkası menen, qızdı zontik astında turg`an awhalda h.t.b. sa`wlelendiredi.

U`lkenirek balalar suwrette bir syujetti suwretleydi. Bul bir ertekke illyustratsiya yamasa balalardın` oyları tiykarında sızılg`an suwretler: qanday-da suwrette qısqı oyın-kulgi, qalanı jıynastırıw, o`tken bayram sa`wlelengen. Bunday suwretlerde bir neshe ha`r qıylı na`rseler sa`wlelengen, olardın` ha`r biri anıq belgi ha`m sıpatlar, bir-birleri menen o`z-ara belgili baylanısta salıng`an.

Balalardın` sızg`an suwretleri olar iyelegen bilimler u`lken ko`lemde ekenligin bildirmeydi. Al bul jastag`ı balalardın` bilimleri ha`r-qıylı ha`m bir-biri menen baylanısıp baratırg`anlıg`ın ko`rsetedi.

Balalar biliminin` sistemalılıg`ı ha`m baylanıslıg`ı olardın` erkin oyınlarında ha`m, seyil, ekskursiya waqtında ko`rgen ha`m esitkenlerin gurrin` etip beriwlerinde ha`m payda boladı.

Balalardın` sistemalı ha`m izbe-iz baqlawı na`tiyjesinde ayırım qublıs ha`m waqıyalar ortasındag`ı ha`r qıylı baylanıslardı anıqlaw imkaniyatların ta`rbiyashı arnawlı rawajlandırıp ha`m qa`liplestirip baradı.

Ma`selen, orta topar balaların ma`wsimlik qublıslar menen tanıstırıp atırg`anında ta`rbiyashı olardın` atın aytıw menen sheklenedi ha`m balalar jaz, ba`ha`r yamasa

qıstın` ayırım belgilerin aytıp berse qanaatlanadı. Balalar qısta qar jawadı ha`m suwıq boladı, deydi. Ba`ha`rde quyash ısıtadı, sho`pler ha`m tereklerde japıraqlar ko`rinedi. Issı ellerden quslar ushıp keledi.

5 jaslı balalardan ta`rbiyashı jıl ma`wsimleri haqqında bir qansha bir-birine baylanıslı juwaplardı aladı. Ta`rbiyashı balalarg`a bergen sorawları, kiritken duzetiwleri keltirilgen mısallar menen gurrin` duzedi: «Ba`ha`rde quyash qattıraq ısıtadı, ku`nler uzayıp, jarıqlıq bola baslaydı. Ba`ha`r jıllı, sonın` ushın qar eriydi: qar endi qu`l ren`, jumsaq. Dar`yalarda muz erimekte. Issı ellerden quslar ushıp keldi. Endi olar o`zleri ushın awqat tawa aladı ha`m tereklerge in qura aladı… Adamlar ha`m qısqı ıssı kiyimlerin sheshedi».

5 jaslı balalarg`a usınıs etilgen shınıg`ıwlardın` da`stur talaplarına muwapıq ta`rbiyashı sistemalı ta`rizde bilim beriwge ayrıqsha a`hmiyet beredi. Keyinrek mektepte oqıw ha`m o`mirlik ta`jiriybelerdin` toplanıp barıwı protsessinde sistema «a`lemnin` bir pu`tin suwreti» obrazga aylanadı. Balalardı mektepke tayarlaw da`rejesinde olardın` bilimi u`stinde islew eki yamasa qarama-qarsı bag`darda boradı. Biraq olar bir-yuiri menen baylanıslı. Bul tutas anıq emes bilimnen olardı differentsiyatsiya etiwge, uqsaslardı anıqlawg`a, ayırım zatlardın` xarakterli detalların, parıq etetug`ın belgilerin ko`re biliwge ha`reket etiw, basqa ta`repten baylanıslar ornatıw, buyım ha`m qublıslardı qanday-da toparlarg`a birlestiriw, kategoriya ha`m olardın` ulıwmalasqan bilimleri u`stinde islewden ibarat.

Solay etip, u`lken toparda ta`rbiyashı balalardı orta toparda bolg`anı sıyaqlı ayrım haywanlar: arıslan, jolbarıs, ayıw yamasa qushiq, eshki, at penen tanıstırıwdı dawam etedi. Balalarg`a tanıs ha`m haywanat a`leminin` jan`a wakillerin baqlap atırıp, ta`rbiyashı balalardı o`zlerindegi bilimlerdi sıpat ta`repten o`zgertiriwge baslap baradı.

Bul bilimler bir-birine baylanıslı ha`m sistemalı bolıp baradı. Balalardı ulıwmalastırılg`an atlar: «Jabayı ha`m uy haywanları menen tanıstırıladı». Sonday-aq mebeller, ıdıs-tabaqlar, transport ha`m o`simlikler, a`sbap-u`skene ha`m gezlemeler ha`mde basqa zatlar haqqındag`ı bilimler toparlastırıladı. Usı menen bir waqıtta balalardın` sonday toparlardın` ha`r birine kiretug`ın buyımlar xaqqındag`ı bilimlerdi

teren`lestiriw boyınsha islew ha`m dawam ettiriledi. Balalar poezd, avtobus, temir jol xızmetkerleri ha`m miynetkeshlerdin` miynetleri menen tanısadı.

Ta`rbiyashı balalardın` jıl ma`wsimleri haqqındag`ı sa`wlelerin teren`lestirip ha`m sistemag`a salıp, olardın` ta`biyatda ju`z beretug`ın qublıslardı izbe-iz tu`siniwlerine ha`reket etedi. Ma`selen, ba`ha`r haqqında aytqanda, balalar quyash nurının` ko`birek qızdırıwı menen qarlar eriy baslawın, ag`ımlar payda bolıwı, dar`yalarda muzlardın` jarılıwın bilip aladı. Bunda ag`ım tez bolg`an jerde muz en` da`slep jarıladı ha`m dar`yalarda muz ag`ıp jure baslaydı.

Bilimlerdi sistemag`a salıwdı bilgen bull jastag`ı balalar gurrin` toqıwdı ha`m ta`rbiyashı usınıs etken reje boyınsha so`ylep beriw sıyaqlı tapsırmalardı orınlay aladı.

Bes jastag`ı balalarda sistemalı bilimlerdin` o`skenligi ha`m aqılıy iskerliktin` quramalasqanlıg`ı esap shınıg`ıwlarda ha`m anıq ko`rinedi. Mektepke baratug`ın balalardan tek g`ana onga shekem sanaw talap etilmeydi. Bunday talapqa geybir ush jaslı balalar ha`m tap taqmaqtı yadlag`anday san qatarların uyrenip alıp juwap beredi. Altı jaslı balalardan aytılg`an sandı zatlarda sanap ko`rsete biliw talap etiledi.

San ha`m mıg`dar baylanısların tu`siniw barlıq arifmetikalıq a`meller tiykarın sho`lkemlestiredi. Balalar zatlar sanın asırıw yamasa kemeytiriw menen tanısıp atırg`anlarda bir matreshkanı, toptı, quwırshaqtı qosıp atırg`anda yaki ayrıp atırg`anda – bul baylanıstı bekkemleydi; zatlar sanın o`zgertkende, olar usıg`an muwapıq zatlardı korsetiwshi sandı ha`m almastıradı. Zatlardı ekew, ushewden etip toparlastırıw ha`m konkret zatlarda a`piwayı arifmetikalıq ma`selelerdi u`lken balalar san, mug`dar ha`m olarg`a a`mel etiw haqqındag`ı bilimlerdin` a`piwayı sisteması u`stinde islew forması.

Balalardın` matematikalıq oylawına mektep talaplarının` keskin artıwı mu`na`sibeti menen mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı u`lken balalar menen islesiwde tiykarg`ı itibardı olarda durıs matematikalıq tu`sinikler jaratıwg`a ha`m olar menen is ko`riw ko`nlikpesin payda etiwge qaratıw talap etiledi. Mektepke barg`annan keyingi da`slepki kunlerden aq oqıwshı dus keletug`ın tiykarg`ı matematikalıq tu`siniklerden biri ten`lik ha`m ten`sizlik. Egerde kishi balalar zatlardı u`lken-kishi belgisi boyınsha salıstırıw ta`jiriybelerin toplag`an bolsa, u`lken balalar

usı tu`sinikke sanlardı salıstırıw tiykarında iye boladı. Bull jerde eki tiykarg`ı sha`rtke a`mel etiw za`rur a`hmiyetke iye. En` da`slep ta`rbiyashı balalardın` sanlar menen islewge o`tiwlerine asıqpawı kerek. Balalarg`a tilinde ha`m qag`azda: 1+2=3 yamasa 5-1=4 sıyaklı a`piwayı mısallardı sheshiwdi beriwden aldın olardı uzaq mu`ddet ha`m sistemalı ta`rizde turli konkret zatlar menen is ko`riwge uyretiw za`rur. Ekinshi sha`rt berilgen ko`plik ha`reketlerin balalardın` o`zleri a`lbette orınlawı.

Balanın` sistemalı bilimlerge o`tiwin ulıwmalastırıwg`a o`sip barıwshı qa`bilet penen baylanıslı alıp barıw za`rur. Tuwrı, eki jaslı balalar ha`m ulıwmalastıradı, biraq olar ju`da` a`piwayı. Ol ha`r qıylı zatlar ortasında uqsaslıq tapsa, olardı birlestiredi.

Bes jaslı balalardın` ulıwmalastırıu o`zgesheligi olardın` abstrakt ha`m mawqım zatlardı tu`sine alıwg`a qa`biletli. Bul jastag`ı balalar geyde tu`siniklerdi iyelep baradı. Ma`selen, «transport», «mebel`», «qurallar», «kiyim», «ıdıs-tabaqlar» sıyaqlı tu`sinikti iyelep alıw ushın ol poezd, paraxod yamasa tramvay sıyaqlı topardag`ı ha`r bir ayırım zat o`zgesheliklerin itibardan shıg`arıp jiberiwi ha`m olar ushın za`rur ha`m ulıwma bolg`an bir belgini ajıratıp alıwı za`rur. Bunday belgi en` da`slep zatlardın` wazıypası esaplanadı.

Balalardan olarg`a jaqsı tanıs bolmag`an zatlar haqqında sorag`anda, olar ha`mme waqıt ha`m zattın` za`rur belgisin ha`m wazıypasın anıq ajırıtıp ko`rsete almaydı, a`lbette. Jeterli joqarı da`rejedegi ulıwmalastırıwg`a o`tiw balalar ushın qıyın ma`seleesaplanadı. Ulıwmalastıra alıw bir-birine uqsas zatlardı salıstıra alıw, olardın` ulıwma za`rur belgilerin ajırata alıw ko`nlikpesin talap etedi. Bunnan tısqarı, bunday ulıwmalastırılg`an bilimlerge, tu`siniklerge tek g`ana tiyisli so`zdi iyelep alg`anda g`ana o`tiw mu`mkin. Egerde bala «bag`da isletetug`ın a`sbaplar» degen so`zdi bilmese, ol qanday etip leyka, bel, ketpen sıyaklı bir toparg`a birlestire aladı, «ta`biyat qublısları» degen ulıwmalastırıwshı so`zdi hesh esitpegen bolsa, qanday etip onnan shamal, boran, qar, jawın sıyaqlılardı ulıwmalastırıp aytıwdı talap etiw mu`mkin.

5 jaslı balalar menen o`tiletug`ın shınıg`ıwlardın` o`zgesheligi ulıwmalaspalardan paydalanıwg`a o`tiw demek. Bug`an birinshiden, tek g`ana ayrım zatlar haqqında anıq bilimler zapasın toplag`anda g`ana erisiw mu`mkin. Ma`selen, «shay ıdıslar» degen tu`sinikti iyelew ushın, qaysı ıdıstan shay ishiliwin biliw za`rur.

Shay ıdıs ushın kese ha`m stakannan tısqarı ja`ne shaynek kerek bolıwın biliw kerek. Ekinshiden, ulıwmalastırıwg`a o`tiw balalarg`a ha`r qıylı zatlardag`ı za`rur belgilerdi ajırata biliw ha`m za`rur bolmag`an ha`mde qa`pelimdegilerge dıqqattı qaratpawg`a arnawlı uyretiwdi ha`m talap etedi. Ushinshiden, ulıwmalastırıwg`a o`tiw ushın tiyisli so`zdi ha`m biliw za`rur. Tek g`ana sonday jol menen balalar aynala-a`tirap barlıqtag`ı buyım ha`m qublıslar haqqındag`ı geybir tu`siniklerdi iyelep baslaydı.

Ulıwmalastırıwg`a o`tiw ta`rbiyashıg`a balalardı ayırım materiallardın` formaları, ayırım topar adamlardın` isleri, sanlar ha`m a`piwayı arifmetikalıq a`meller, waqıt tu`sinikleri h.t.b. menen tanıstırıw imkaniyatın beredi.

Ulıwmalastırıug`a o`tiw a`dep-ikramlılıq tu`siniklerin iyelew ushın ha`m za`rur, bularsız balalarg`a tuwrı ta`rbiya berip bolmaydı. Bular haqıyqatlıq ha`m tuwrı so`zlik, ma`rtlik ha`m qorkaqlıq, a`dalat xa`mde satqınlıq h.t.b. da`slepki tu`sinikler.

5 jasta balalardın` so`ylew tilin o`siriwdi dawam ettiriwge ulken a`hmiyet beriledi.

Kishi balalar tilin o`stire barıp tiykarg`ı itibardı fonetikag`a, ayırım so`zlerdi aytıwg`a ha`m ha`r bir so`zdi belgili mazmun menen baylawg`a qaratqan edi. Orta toparda ha`m usı wazıypalar a`melge asırıladı, biraq is so`zlikti bayıtıw ha`m a`piwayı grammatikalıq formalardı iyelew bag`darında alıp barıladı. Balalar so`zlerdi bir-birine baylanıstırıp so`ylewge, yag`nıy a`piwayı so`zler du`ziwge uyretiledi. U`lken toparda bull wazıypalar so`zlerdegi geybir dawıslardı ajıratıp ko`rsetiw, ha`m a`sirese, qospa gaplerdi uyreniw u`stinde islew menen toltırıladı. Balalar ha`r qıylı kategoriyadag`ı gaplerdi qollanadı, waqıya juz bergen zamondı ha`m usıg`an muwaıpıq so`z aqırın o`zgertedi. Olar ha`r qıylı baylanıstırıwshılardan, qosımshalar, baylanıstırwshı, ra`wishlerden ha`m paydalanadı.

Biraq, pedagogikalıq baqlawlar ha`m arnawlı alıp barılg`an tekseriwler quramalı grammatikalıq du`zilisti iyelew balalardı arnawlı uyretiwdi talap etiwin ko`rsetedi. Bul ha`m u`lken topar balaları menen o`tkeriletug`ın topar shınıg`ıwlarının` parıq etiwshi o`zgesheliklerinen biri.

Balalardı basqalardın` ha`m o`zinin` so`zin dıqqat penen tın`lawg`a uyretiledi. Olar endi tek g`ana ne haqqında gap barıp atırg`anın emes, al ol yamasa bul gap qanday aytılg`anının` parqın ha`m ajırata biliwleri kerek. Bul en` da`slep, seyil

waqtında ko`rilgen ha`m esitilgen gurrin`di balanın` isbe-iz bayan etip beriwine tiyisli. Onsha u`lken bolmag`an gurrin`lerdi yamasa suwret mazmunı boyınsha 1-2 logikalıq ta`repten baylanısqan gurrin` duziw ha`m basqa is formalarınan ta`rbiyashı mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı u`lken balalardın` awız-eki so`ylewin rawajlandırıwda paydalanadı. Bunda ta`rbiyashı balalardın` taza fonetikalıq so`ylewin, tuwrı aytıwın qadag`alap baradı, sozlik baylıg`ın ha`m grammatikalıq du`zilisin bayıtıp barıwdan tısqarı, ta`rbiyashı balanın` bayan etpekshi bolg`an pikirinin` bir-birine baylanısqan bolıwına ayrıqsha itibar beriwi kerek. Bul qosımsha ra`wish, baylanıstırıwshılardan tuwrı paydalanıwdı, yag`nıy duzilisi quramalıraq bolg`an grammatikalıq qurılıslardı qollanıwdı talap etedi.

Til o`siriw shınıg`ıwlarında ta`rbiyashı ja`ne bir ma`sele, balanın` ma`nili tili ustinde islewdi a`melge asıradı.

Ta`rbiyashı u`lken topar balalardın` ko`rgen yaki esitkenlerin, dem alıw ku`nin qanday o`tkergenliklerin aytıp beriwlerinshınıqtıradı: olar tez-tez dodalaydı ha`m o`z pikirlerin aytıp beredi, usı sebepli balalardın` ma`nili so`ylewi ja`nede rawajlanıp baradı. Bul is orta toparda alıp barılg`anda, altı-jeti jaslı balalar dawıs tolqını tildi, a`sirese isenimli etiwdi tu`sine baslaydı.

Taqmaqlardı uyrenip ha`m ta`kirarlap bolıp o`tken bayram haqqında so`ylep yamasa ertekler aytıp berip, balalar shıraylı so`ylewdi uyrenib baradı. Biraq, geybir ta`rbiyashılar qollanatug`ın metod ha`mme waqıt ha`m payda bermeydi. Balalardı ma`nili bayanlawg`a uyretiwge umtılıp, u`lkenler ko`binese balalardan o`z tillerine say bolg`an intonatsiya pa`tlerin ta`kirarlawdı talap etedi. Balalar ta`rbiyashı so`zin passiv ta`rizde ta`kirarlawg`a uyrenip qaladı, na`tiyjede balalar olar ne haqqında aytıp berip atırg`anların anıq ha`m tolıq tu`sinbeydi.

Bala so`z ne haqqında bolıp atırg`anın tu`siniwi, o`zi bayanlap atırg`an a`debiy shıg`armadag`ı qahramanlardın` keshirmelerin insanlardın` awhalı ha`m is-ha`reketlerin seziwi kerek. Sonda g`ana onın so`ylew tili emotsional ha`m ma`nili boladı.

Til ha`m so`ylewdi rawajlandırıw shınıg`ıwları u`lken topar balalar o`mirinde bir qansha orın iyeleydi. Olar ha`r qıylı formada boladı, biraq ha`mme waqıt bir maqsetti- logikalıq oylawdı o`stiriwdi ha`m ana tili baylıg`ın iyelewdi na`zerde

tutadı. Bul shınıg`ıwlarda balalar o`z baqlawshılıg`ın, este saqlawı ha`m qıyalı o`sedi. Olar o`z bilimlerinen maqsetti ko`zlep ha`m izbe-iz paydalanıwdı shınıqtıradı. Balalardı suwret boyınsha yaki waqıyalar bir-birine baylınıslı halda izbe-iz suwretlengen eki-ush suwret boyınsha gurrin` du`ziwge, tawsılmag`an gurrin`nin` aqırın oylap tabıwg`a h.t.b. uyretiw olardın` logikalıq oylawın o`stiriwshi na`tiyjeli shınıg`ıwlar. Balalar pu`tin gurrin`ge reje du`ziwi, onın` tiykarg`ı epizodların ajıratıp alıwı, ertek aqırın bası menen baylanıstıra alıwı, so`zlerdi tuwrı qollawı ha`m tuwrı ga`p du`ziwi kerek.

Sonday-aq, didaktikalıq oyınlarda ha`m, ma`selen, «Kim ne islep atır», «Kimge ne kerek», «Zat neden islengen», «Jıl ma`wsimleri» x.t.b temalarda ha`m balalardın` so`ylewi ha`m oylawı rawajlanadı ha`m bilimi anıqlanadı. U`lken toparlarda arnawlı so`z oyınları shınıqtırıladı, ma`selen, «Ten`iz tolqınlanıp atır», «Ne o`zneredi» (minezleme beriw) zatlardı tur-tusi boyınsha tabıw h.t.b.

Biraq til o`siriw shınıg`ıwlarının` barlıg`ında oylaw islese ha`m ta`rbiyashı ha`mme shınıg`ıwdı oylawdı o`stiriwge bag`darlamaydı. Ma`selen, fonematikanı, yag`nıy balalardın` so`ylewi ha`m esitiw qa`biletin arnawlı o`stiriw ushın so`zdegi dawıslardı ajıratıw shınıg`ıwların alayıq. Eki bir-birine uqsas so`zlerdin` aytılıwındag`ı parqın seziw lazım. Ma`selen, xush-xush, tush-tush`, don-don h.t.b. Aytılg`an so`zlerden kerekli dawıstı tabıw kerek. Ol so`zdin` qay jerde: basındama, ortasındama yaki aqırındama? kelip atırg`anın anıqlaw. Bunday arnawlı til o`siriw shınıg`ıwları tap sonday basqa tiykarg`ı pikir ju`ritiw operatsiyaların analiz ha`m sintez, turli formadag`ı pikirlerdi ha`m juwmaq shıg`arıwdı talap etiwshi shınıg`ıwlar sıyaqlı balalardın` pikir ju`ritiw iskerligin jaqsı shınıqtırıw ushın xızmet etedi. Eki wazıypanı – bala oylawın rawajlandırıw ha`m tilin o`siriwdi ayrıqsha-ayrıqsha a`melge asırıw mu`mkin emes.

5 jaslı balalar menen til o`siriw boyınsha shınıg`ıwlar basqa shınıg`ıwlardın`: suwretlew o`neri, qurıw-jasaw iskerligi, esap ha`m didaktikalıq materiallar menen shug`ıllanıw, sonday-aq, baqlaw, muzıka tın`law, kosıq aytıw, fizikalıq shınıg`ıwlar h.t.b. rolin joytpaydı.

Bes jaslı balalardın` ha`r qanday iskerligi til qatnasıwında a`melge asırıladı. Kishkenelerge tek g`ana ko`rsetilgen zatlar, endi u`lken topardag`ılarg`a tusindiriledi:

kishi topar balaları ha`reket, oyın arqalı suwretlengen zatlardı u`lken topar balaları suwretlep beredi. Egerde kishi toparda ta`rbiyashı balalarg`a islerindegi qa`te ha`m kemshiliklerdi ko`rsetken, oyınlarına ha`m qurıw-jasaw islerine du`zetiw kirgizgen bolsa, altı-jeti jaslı balalardı tapsırmanı o`z betinshe sheshiwge, tiykarg`ı ha`m ekinshi da`rejeli zatlardı, za`rur zatlardı basqa zatlardan ajıratıw, qa`telerdi ko`riwge, yag`nıy ha`r bir islegen isti sın menen qarawg`a u`ndeydi.

Solay etip, u`lken toparda o`tiletug`ın shınıg`ıwlardın` o`zgesheligi- balalarda ilajı bolg`ansha baslamanı ha`m o`z betinshelikti ta`rbiyalawdan ibarat.

Ta`rbiyashı bul sıpatlardı ha`r qıylı iskerlik turlerinde – olardın` oyınlarında, o`z-o`zine xızmet ko`rsetiwde, suwretlew iskerliginde ha`m suwret boyınsha gurrin` aytıwda rawajlandırıp barıwg`a ha`reket etedi. Balalardın` o`z betinsheliginin` o`skenligi olardın` orınlang`an islerge ha`m basqalardın` minez-qulqına baha bere alıwg`a, gurrin` oylap taba alıwı, jumbaq tabıwı yaki o`zleri ushın jan`a bolg`an qublıs yamasa waqıyanı tusindirip bere alıw ko`nlikpesinde payda boladı.

Bes jaslı balalardın` o`z betinsheliginin` o`zgesheligi onın` sho`lkemlestiriwshiligi. Balalar baslamaları endi o`zinshe, yagnıy u`lkenlerdin` talaplarına qarsı is tutıwg`a bag`darlanbag`an. Balalar o`z baslamasın tapsırılg`an wazıypanı yamasa u`lkenlerdin` talabına muwapıq islenetug`ın isti jaqsılap ha`m tez orınlag`a bag`darlay aladı.

Bes jaslı balalardın` o`z betinsheligi qanshelli o`sken bolıwına qaramay olardın` minez-hulqında bir-birine yaki qa`legen u`lken insang`a eliklew ushırap turadı. Balalar mashina suwretin suwretlemekshi bolıp, dostısınan ko`rip poezd yamasa samalyot suwretin saladı. Dostısının` is ha`reketlerin dodalap, bala bilmesten atasının` aytqan so`zlerin, dawıs tolqının` ta`kirarlaydı.

Biraq bul jastag`ı balalarda eliklew bir qansha kem ushraydı. Bunnan tısqarı, bala eliklep atırıp, onın` so`zine ha`m suwretine o`zinshe bir na`rseler kirgizedi ha`m o`zine say bir ko`rinis beredi. Usıg`an baylanıslı halda altı-jaslı balalar menen ha`r qıylı is alıp barıwda ulgi, ko`rsetpe beriw, tu`sindiriwden paydalanıw haqqında ju`da` za`rur metodikalıq soraw tuwıladı.

Belgili, mektepke shekemgi ta`rbiya mekemelerinde uyretiw metodikası ulgisinen ken` paydalanıw usınıs etiledi, ma`selen, suwret boyınsha gurrin` du`ziwde

yaki naturada berilgen bir na`rseni: qarg`anı, japıraqtı yaki qanday da nag`ıstı suwretlew. Bunday awhallarda balalardan ta`rbiyashı islegen islerin ta`kirarlawdı talap etedi.

Balalar naturaga qarap o`z betinshe suwret salıw yaki suwretke qarap so`ylep bilmeydi. Olardı ha`r dayım usıg`an uyretip barıw za`rur. Biraq bunda ta`rbiyashılar ju`da` abaylı bolıwları kerek. Egerde balalar tek g`ana u`lgi boyınsha islewge uyrenip qalsa, olar shablon is etiwge a`detlenip qalıp, baslshama ko`rsetpeydi. Jan`a tapsırma alg`annan keyin, ol haqqında oylap ha`m ko`rmey, qashan u`lgi ko`rseter eken dep ku`tip otıradı ha`m onı an`sat solayınsha ko`shirip qoyadı. Bunday awhallarda ha`mme balalardın` isleri uqsas ha`m shınıg`ıwlardın` ta`rbiyalıq qımbatı ju`da` pa`st boladı.

Bolalardi ratsional uyretiw ha`m sonın` menen birge olarga tayar juwap ha`m du`zilgen a`mellerdi ma`jburlep qabıl etpeslik ushın ta`rbiyashı balalar menen ha`r qanday awhalda islewde paydalanatug`ın u`lgi, ko`rsetpe beriw ha`m tu`sindiriw formasın oylap alıw, barlıq is usıllardın ornın ha`m o`z-ara baylanısın esapqa alıw za`rur. Balalardag`ı bar bilimlerdi g`ana emes, al olarda payda bolg`an ko`nlikpelerdi: suwretke qarap gurrin` du`ziw, sorawlarga juwa`p beriw h.t.b. ha`m esapqa alıw za`rur.

Balalar o`z betinsheligin ta`rbiyashı tapsırmalardı orınlawg`a bag`darlag`an halda o`stiriw ushın ta`rbiyanın` ulıwma printsiplerine a`mel etiw za`rur: balalarg`a hesh na`rseni aytıp turmaw ha`m o`zleri isley alatug`ın, geyde qattı ku`sh berip islewge tuwrı kelgende ha`m islerde ja`rdem bermew.

Solay etip, balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar mazmunın quramalastırıw, dawam etiw mu`ddetin uzaytırıw ha`m ko`lemin ken`eytiriwden tısqarı, balalar isindegi izbe-izlikke qoyılg`an talaplar ha`m, ulıwmalastırıwdın` ja`ne de joqarıraq da`rejesine otiw ha`m ha`r bir balanın` o`z betinsheligine qoyılg`an talaplar ha`m o`zgeredi. Shınıg`ıwdın` bul ta`rizde qayta qurılıwı bala tilin o`siriw u`stinde ko`p islewdi talap etedi. Oylap sho`lkemlestirilgen ha`m sistemalı shınıg`ıwlar a`ste-aqırın haqıyqıy oyın iskerligine aylanıp, altı-jeti jaslı balalardı mektepke tayarlaydı.

## Ekinshi bap boyınsha juwmaqlaw

Bes jaslı bala belgili bir oyın ha`m oyınshıqlar oynawdı abzal ko`redi. Toparda qurılıs materialları, quwırshaqlar, a`skeriy oyınlar oynawdı qa`lewshiler ajıralıp turadı. Qızıg`ıwshılıqlar o`zgeriwi mu`mkin, biraq ko`pshilik balalarda olar bir qansha turaqlı boladı.

Azang`ı saatlarda balalar ko`birek rollerge bo`linip oynalatug`ın, qurılıs ha`m didaktikalıq oyınlardı oynaydı. Sonın` ushın olarg`a stol ustine qoyıp oynalatug`ın baspa oyınlar, u`lken ha`m kishi qurılıs materialları, mozayka, quwırshaqlar usınıs etiledi. Basında ta`rbiyashının` o`zi balalarg`a bir oyınnın` mazmunı ha`m qag`ıydaların aytıp beredi, oyında tikkeley qatnasadı, keyin bolsa balalardın` oyın qag`ıydaların orınlanıwın baqlap turadı.

O`sip kiyatırg`an a`wladtı miynetke tayarlaw onda tek g`ana uqıplılıqlardı payda etiw g`ana emes, al O`sip kiyatırg`an a`wladtı miynetke tayarlaw onda tek g`ana uqıplılıqlardı payda etiw g`ana emes, al ulıwma ha`m arnawlı xarakterge iye bolg`an bir qatar ko`nlikpelerdi rawajlandırıwdı ha`m talab etedi. Bul onın` en` da`slep, o`z iskerligin arnawlı tu`sine biliw ko`nlikpesi bolıp, bul insan ushın oylang`an maqset bolıp qaladı. Ko`nlikpe o`z iskerligin rejelestiriwde, qoyılg`an maqsetke erisiw jolında insang`a ushırasatug`ın talaplardı ko`re biliwde payda boladı.ulıwma ha`m arnawlı xarakterge iye bolg`an bir qatar ko`nlikpelerdi rawajlandırıwdı ha`m talab etedi. Bul onın` en` da`slep, o`z iskerligin arnawlı tu`sine biliw ko`nlikpesi bolıp, bul insan ushın oylang`an maqset bolıp qaladı. Ko`nlikpe o`z iskerligin rejelestiriwde, qoyılg`an maqsetke erisiw jolında insang`a ushırasatug`ın talaplardı ko`re biliwde payda boladı.

Mektepke shekemgi kishi jastag`ı balalar o`z a`tirapındag`ı insanlar miyneti menen tanısadı ha`m a`piwayı miynet tapsırmaların orınlawg`a uyretiledi. A`ne usı waqıtta miynetsu`yiwshilikti ta`rbiyalaw ha`m baslanadı. Biraq, u`sh-bes jaslı bala, olarda bir na`rsege anıq qarım-qatnas payda bolıwı ushın ele ju`da` kishkene.

Balalardın` mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesinde bolıwdın` oqırg`ı jılında olar menen ha`r ku`ni belgili bir waqıtta 30-35 minut dawam etetug`ın eki shınıg`ıw o`tkeriledi, geybir ku`nleri bolsa kunnin` ekinshi yarımında ja`ne bir shınıg`ıw

o`tkeriledi. Bul shınıg`ıwlardı ta`rbiyashı arnawlı da`sturge muwapıq o`tkeredi. Balalar belgili bilimler sistemasın iyelep alıwları, da`sturde belgilengen uqıplılıqlardı payda etiwleri ha`m mektepte oqıwg`a tayar bolıwları kerek.

Balalar menen o`tiletug`ın shınıg`ıwlardın` bir neshe o`zgesheliklerin belgilep o`tiw mu`mkin. Bul en` da`slep, ta`rbiyashı is alıp barıp atırg`an shınıg`ıwlarg`a tiyisli. Shınıg`ıwlar tek g`ana ko`lem ta`repinen ken`eytirilmeydi, al ta`rbiyashı bul shınıg`ıwlarda balalardın` ko`z aldına keltiriwlerin anıqlawg`a, ha`r bir topar zatlardın` xarakterli ha`m za`rur belgilerin ashıp ko`rsetiwge ha`m umtıladı.

Bes jaslı balalardın` ha`r qanday iskerligi til qatnasıwında a`melge asırıladı. Kishkenelerge tek g`ana ko`rsetilgen zatlar, endi u`lken topardag`ılarg`a tusindiriledi: kishi topar balaları ha`reket, oyın arqalı suwretlengen zatlardı u`lken topar balaları suwretlep beredi. Egerde kishi toparda ta`rbiyashı balalarg`a islerindegi qa`te ha`m kemshiliklerdi ko`rsetken, oyınlarına ha`m qurıw-jasaw islerine du`zetiw kirgizgen bolsa, altı-jeti jaslı balalardı tapsırmanı o`z betinshe sheshiwge, tiykarg`ı ha`m ekinshi da`rejeli zatlardı, za`rur zatlardı basqa zatlardan ajıratıw, qa`telerdi ko`riwge, yag`nıy ha`r bir islegen isti sın menen qarawg`a u`ndeydi.

Juwmaqlap atkanda, balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar mazmunın quramalastırıw, dawam etiw mu`ddetin uzaytırıw ha`m ko`lemin ken`eytiriwden tısqarı, balalar isindegi izbe-izlikke qoyılg`an talaplar ha`m, ulıwmalastırıwdın` ja`ne de joqarıraq da`rejesine otiw ha`m ha`r bir balanın` o`z betinsheligine qoyılg`an talaplar ha`m o`zgeredi.

## Juwmaqlaw

Mektepke shekemgi ta`lim ma`kemesi ta`rbiyalanıwshıların tuwrı ta`rbiyalaw, na`tiyjeli oqıtıw ushın bala rawajlanıwına tiyisli o`zgerislerdi jas da`wirlerine ta`n qa`siyetlerdi biliw ha`m esapqa alıw kerek. Sebebi olardın` o`siwi, ruwxıy jaqtan rawajlanıwı ha`r tu`rli jas da`wirlerinde ha`r qıylı boladı.

Mektepke shekemgi ta`lim salamat, ha`r ta`repleme rawajlangan balalardı ta`rbiyalaw ushın za`rur duzilisli, metodikalıq, psixologiyalıq pedagogikalıq shart sharayat jaratadı, balalardı mektepte tolıq ra`wishte ta`lim alıwga tayarlaw, ata-analarga ja`rdem beredi. Song`ı jıllarda, mektepke shekemgi ta`lim sistemasın quramalastırıw, ta`lim-ta`rbiya mazmunının` usılı ha`m metodların jan`alawga ayrıqsha itibar berilmekte.

Ma`mleket talaplarında mektepke shekemgi jastag`ı balalarga beriletug`ın ta`lim-ta`rbiya mazmunının` tiykarg`ı bag`darları ha`m de olardın` mektepke tayarlık da`rejesine qoyılatug`ın minimal talaplar belgilep berilgen bolıp, ol ma`mleket hu`jjeti sıpatında aytıp o`tiledi ha`m barlıq ta`lim sho`lkemleri ushın ma`jbu`riy bolıp esaplanadı.

Balanı ta`rbiyalaw ha`m rawajlandırıwda protsesstin jetekshilik roli haqqındag`ı qag`ıydadan kelip shıg`ıp, onın` oqıw ta`rbiya mekemelerindegi ha`m shan`araqtag`ı o`mirin ol protsesstin ha`r turlerine bay bolatug`ın etip sho`lkemlestiriw lazım. Bunda olarga mazmundı bayıtıwga, jan`a ko`nlikpelerdi o`zlestiriwge, o`z betinsheligin rawajlandırıwg`a qaratılg`an basshılık ta`miynleniwi kerek.

Ta`rbiya ha`m ta`limnin` mazmunı, kuralları, metodları balalardın` rawajlanıw protsessi, olardın` jası menen ta`riyplenedi. A`meliy ha`m teoriyalıq wazıypalardı sheshiwge qaratılg`an aqlıy iskerlikke say ko`nlikpelder wazıypalardın` negizin anıqlawga, og`an tyisli wazıyyattı analiz etiwge, wazıypanı orınlaw ushın bul wazıyyattın` zarur ta`replerin ajıratıp alıwg`a, belgili bag`dardag`ı juwmaq shıg`arıw imkanyatın beredi.

Oqıw iskerligine say ko`nlikpeler-bular oqıtıwshını tın`law ha`m esitkenin tusiniw, onın` ko`rsetpelerine qarap ha`reket etiw, baqlaw, qabıl etiwdi

bag`darlang`an zatlardı ko`re alıw, turli ma`selelerdi sheshe alıw, sanay, oqıw, jaza alıw, tekste, wazıypalardag`ı zarur na`rseni ko`riw ha`m onı ajıratıp alıw ha`m tusinip jazganında, rejelerde sa`wlelendire alıw.

Uqıplılıq-bul iskerlik protsessinde onın` bir elementin orınlaw qa`bileti. Bul shınıg`ıw islew jolı menen qa`liplestirilgen, puxta ha`reketler bolıp, ko`nlikpe ha`m kuramalı ha`reketler bo`limine kiredi. Ta`limnin` bo`limi sıpatında qa`liplestirilgen uqıplılıqlar o`z mazmunına ko`re ha`r qıylı. Bular ja`miyettin` ha`reket ma`deniyatı sa`wlelendiriwshi ha`reket uqıplılıqları, aqlıy iskerlikke say uqıplılıqlar, minez-qulıq ha`m qarım-qatnas uqıplılıqları, til uqıplılıqları.

Ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar maqsetke baqdarlangan iskerlik protsessinde qa`liplesedi. Olardı bekkemlew ushın uzaq waqıt ha`m bilim alıw menen baydanıslı bolg`an arnawlı shınıg`ıwlar talap etiledi. Insan paydalanatug`ın ko`nlikpelerdin` ko`lemi ulken ha`m olardı `ek g`ana ta`lim protsessinde qa`liplestirip bolmaydı. Ta`lim protsessi mazmunına en` zarur biliw, aqlıy miynet, a`reket ko`nlikpeleri kiritiledi. Ta`lim mazmunındag`ı tiykarg`ı na`rse -zarur bilim ha`m ko`nlikpelerdi o`z betinshe iyelew, iyelegen bilimler ha`mde da`slep payda bolg`an ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar payda bolatug`ın a`meliy ha`m teoriyalıq ma`selelerdi sheshiw qa`biletin qa`liplestiriwden ibarat.

Mektepke shekemgi ta`rbiya jasındag`ı 5 jaslı balalardın` tiykarg`ı jetiskenligi o`z ha`reketlerin, a`sirese qoldın` mayda ha`reketlerin, tek g`ana iri muskul ha`rketlerin g`ana emes, al mayda muskullar, ha`r bir barmaqtın` ha`reketin ha`m a`ste-aqırın basqara biliwi. Bul na`tiyje sonday-aq za`rur mexanizmlerdin` jetilisiwi protsessi emes, ol 5 jaslı balalardı suwret salıw, sızıw, tigiw, qag`azdı buklew, qırqıw h.t.b. u`yretiw na`tiyjesi.

5 jaslı balalardın` o`z ha`reketlerin basqara alıwı olardı ha`r qıylı, yag`nıy muwapıqlasqan anıq, tegis ham shıraylı orınlaw ko`nlikpeleri, a`sirese ta`rbiyashı sistemalı jumıs alıp barg`anda rawajlanadı ha`mde muzıka ha`m gimnastika shınıg`ıwlarında, balalardın` miynet tapsırmaların orınlaw waqtılarında, suwretlew iskerlikleri ha`m o`mirlerinde payda boladı.

Este saqlawdı ta`rbiyalawdın` birinshi sha`rti balanın` kundelikli o`mirin durıs sho`lkemlestiriw za`rur. Ta`rbiyashı balalar menen sistemalı ta`rizde ta`biyat ha`m

aynala-a`tiraptag`ı o`mirdi baqlap, son` ko`rgen ha`m esitkenleri haqqında so`ylep beriwdi olarg`a mira`t etse, balalardın` ha`r birine belgili tapsırmalar berip, son` olardın` orınlanıwın tekserse, bul menen ol bala yadın shınıqtıradı.

Balalar yadın rawajlandırıwshı aranawlı usıllardı shınıg`ıwlarda qollanıw lazım. Bunda to`mendi sharayatlardı na`zerde tutıw kerek.

1. Ko`rsetpeli materialdan ken` paydalanıw za`rur.

2. U`yrenilip atırg`an zattı balanın` tusiniwi za`rur rol` oynaydı. Ma`nisine tusinbese, bekkem este qalmaydı.

3. U`yrenilip atırg`an materialdan baqlang`an maqsetti balalardın` tusiniwi za`rur.

4. Basqa iskerlik turlerindegi sıyaqlı balalardın` o`z jetiskenliklerin biliwi ju`da` za`rur.

5. Ta`kirarlawdı durıs sho`lkemlestiriw za`rur a`hmiyetke iye.

Bes jaslı balalardın` ku`n ta`rtibi a`ste-aqırın oqıw iskerligin quraytug`ın shınıg`ıwlar awırlıg`ının` artıwı, balalar dıqqat- itibarına jan`a ha`m asırılg`an talaplardı qoyadı.

5 jaslı balalar menen o`tkeriletug`ın shınıg`ıwlar orta ha`m kishi toparg`a qarag`anda uzaq dawam etedi.

Didaktikalıq oyınlarda ha`m, ma`selen, «Kim ne islep atır», «Kimge ne kerek», «Zat neden islengen», «Jıl ma`wsimleri» x.t.b temalarda ha`m balalardın` so`ylewi ha`m oylawı rawajlanadı ha`m bilimi anıqlanadı. U`lken toparlarda arnawlı so`z oyınları shınıqtırıladı, ma`selen, «Ten`iz tolqınlanıp atır», «Ne o`zneredi» (minezleme beriw) zatlardı tur-tusi boyınsha tabıw h.t.b.

Bes jaslı balalardın` ha`r qanday iskerligi til qatnasıwında a`melge asırıladı. Kishkenelerge tek g`ana ko`rsetilgen zatlar, endi u`lken topardag`ılarg`a tusindiriledi: kishi topar balaları ha`rket, oyın arqalı suwretlen zatlardı u`lken topar balaları suwretlep beredi. Egerde kishi toparda ta`rbiyashı balalarg`a islerindegi qa`te ha`m kemshiliklerdi ko`rsetken, oyınlarına ha`m qurıw-jasaw islerine du`zetiw kirgizgen bolsa, altı-jeti jaslı balalardı tapsırmanı o`z betinshe sheshiwge, tiykarg`ı ha`m ekinshi da`rejeli zatlardı, za`rur zatlardı basqa zatlardan ajıratıw, qa`telerdi ko`riwge, yag`nıy ha`r bir islegen isti sın menen qarawg`a u`ndeydi.

**Paydalang`an a`debiyatlar dizimi**


1. O`zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. - T., O`zbekiston,- 2003
2. Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak y o`q. Muloqot jurnali,1998 y,5-son.
3. Karimov I.A. Ma`naviy yuksalish  y o`lida. -T. O`zbekiston, 1998.
4. Karimov I.A.  Adolatli jamiyat sari. -T. O`qituvchi,1998.
5. Karimov I.A.  O`zbekiston XXI asrga intilmoqda. -T. O`zbekiston, 1998.
6. Karimov I.A. Ozod va obod Vatan, erkin va farovon hayyot - pirovard maqsadimiz. 8-jild. -T. O`zbekiston, 1999.
7. Karimov I.A. Milliy istiqlol mafkurasi - xalq e`tiqodi va buyuk kelajakka ishonchdir. -T. O`zbekiston, 2000.
8. O`zbekiston Respublikasining «Ta`lim t o`g`risida»gi Konuni.// Barkamol avlod - O`zbekiston taraqqiyotining poydevori. -T. Sharq, 1997.
9. O`zbekiston  Respublikasi «Kadrlar tayyorlash milliy dasturi»// Barkamol avlod- O`zbekiston taraqqiyotining poydevori.- T. Sharq, 1997.
10. Barkamol avlod orzusi. -T. Sharq, 1999.
11. Bolajon. Tayanch dastur. – T.: 2010 y.
12. Maktabgacha ta`limga qwyiladigan davlat talabalari. T.: 2013 y.
13. Abdulla Avloniy. Turkiy guliston yoxud axloq. -T. O`qituvchi 1993.
14. Abdurasulov M. O`zbek ma`rifatparvar shoirlari ilm ma`rifat haqida. -T. 1981.
15. Aliqulov U., Omonboev R. Jomiy va Davoniy ta`lim-tarbiya haqida. -T. 1981.
16. Sh.Sodiqova. Maktabgacha pedagogika.-  T.: Fan va texnologiya.- 2012 y
17. E.K.Gul`yants. Bolalarga ustachilikni o`rgating, T. 1990.
18. Mavlonova R. va boshq. Pedagogika. -T. O`qituvchi, 2001.
19. V.I.Loginova. Maktabgacha tarbiya pedagogikasi. T. 1991
20. A.T o`xtaev, A.Xamidov. Ekologiya. T. 1994.
21. A.K.Munavvarov. Pedagogika. - T., 1996.
22. P.A.Yusupova. Maktabgacha yoshdagi bolalarga ekologik tarbiya berish - T., 1995.
23. O. Xasanboeva va boshq. Tabiat bilan tanishtirish metodikasi.-T.2006

24. R.T.Akbarova. Bolalarni o`simliklar bilan tanishtiruvchi didaktik o`yinlar. T.-2005

25. A.O`tambetova. Ta`biyat-bala ta`rbiyashısı. - No`kis «Bilim» 1994 j.

26. www tdpu. Uz

27. www pedagog. uz

28. www Ziyonet. uz

29. www edu. Uz

Qosımsha

**Sabaq konspekti**

**Tema: Tog`ayg`a sayahat**

**Sabaq makseti:** Balalardı tog`ay o`miri haqqında bilimlerdi bekkemlew, tırmasıp shıg`ıw ha`rketlerin rawajlandırıw, olarda fizikalıq ha`reket ko`nlikpelerin ta`rbiyalaw.

**Sabaq wazıypası**: Balalardı fizikalıq rawajlandırıw, olarda fizikalıq sıpat ha`m ko`nlikpelerdi ta`rbiyalaw.

**Kerekli qurallar**: terekler, japıraqlar, miywelerdin` suwretleri, suw suwreti salıng`an panno, ganteller.

**Sabaq barısı**:

*Ta`rbiyashı:* Balalar bilesizler me men bugun sizlerge tog`ayg`a barıwdı usınıs etemen. Barıwdı qa`leysizler me?

*Balalar juwapları*:

*Ta`rbiyashı*: Onda tayarlıq ko`reyik. Shaqqan ha`reket etemiz. Tog`ayda bizlerge arqan, tayaqshalar, toplar kerek boladı. Sonın` ushın olardı ha`m alamız. Balalar sport kiyimlerin kiyedi ha`m dene ta`rbiya zalına keledi.

Zal terekler menen u`skenelengen. Balalar jasına say bolg`an otırg`ıshlar, salmalar ha`m ha`r turli tosıqlar jaylastırılg`an.

Qa`ne balalar kelinler. Tog`ayımızdag`ı tereklerdi ko`rdin`izbe? Usı paytta bir shette jatqan ayıwdı ko`rip qaladı.

Ta`rbiyashı: Balalar qaran`lar ayıw jıtıptı. Ju`rin`ler ol menen gurrin`lesemiz.

- Hay ayıw sag`an ne boldı? Ne ushın jıtırıpsan`?

Ayıw:- Mazam joq, ayaq-qollarım awırıp atır. Ornımnan turıwg`a halım joq.

- Balalar qa`ne aytın`lar ne ushın ayıw bull awhalg`a tusip qaldı?

Balalar: - Ol sport penen shug`ıllanbag`an, shınıg`ıw islemegen, durıs auqatlanbag`an, sonın` ushın awırıw bolıp qalg`an.

- Qa`ne tur ornın`nan, balalar ayıwdı turg`ızadı. Ayıw a`mellep ornınan turadı.

Ta`rbiyashı: Balalar kelin` ayıwdı jurgiziwge ha`rket etemiz. Qa`ne ayıw bizler menen birge ju`r.

- Balalar don`gelek bolıp ju`redi. Endi ayıw ayaqlarımız ishki ta`repinen, keyin sırtqı ta`repinen ju`remiz. Ba`rekella, ju`da` jaqsı ju`ripsen`, denen`di ko`ter, a`ne Maxmudqa uqsap ju`riwge xa`rket et.

Balalar kelin` ayıwg`a uqsap ju`remiz, qaran`lar ayıw ju`girip ketti, bizler ha`m ju`giremiz. Balalar ayıw izinen ju`giredi. Ja`ne ju`riwge o`tedi. Ayıw balalardı o`zinin` oyınların oynawg`a mira`t etedi. Balalar aldınnan qoyıp qoyılg`an terekler tuwrısına turıwları soraladı. Ayıw balalarg`a o`z gantellerin sawg`a etedi ha`m ulıwma gewdeni rawajlandırıwshı shınıg`ıwlar baslanadı.

Ayıw balalarg`a o`z minnetdarshılıg`ın` bildiredi. Usı payt terekler astınan qoyan dugirip shıg`adı ha`m balalardan qasqırdan qutılıw ushın ja`rdem beriwlerin iltimas etedi. Kelin` qasqırdan qashıw ushın tez zangilerge minip aladı.

Zalga ashıwlanıp bo`ri kirip keledi. Balalar ha`m qoyandı joqarıda ko`rip uyıldaydı. Olardın` tusiwlerin kutedi ha`m ketip qaladı. Balalar zan`gilerden Balalar qoyandı uslap qasqırdan qashadı. (Tosıqlar arasınan jugiriw ha`rketi orınlanadı. Tosıqlar, yag`nıy terekler, ag`ashlar balalar jugiriwine qolaylı ta`rizde jaylastırılg`an). Qasqır olarg`a jete almay sharshaydı ha`m sozılıp jatıp qaladı.

Ta`rbiyashı: Balalar ko`rdin`izbe sport penen shug`ıllanbag`anlıg`ı ushın ju`gire almadı ha`m bizlerge jete almadı.

Balalar mine bull jerde ulken salma bar eken, sekirip o`te alamız ba?

Balalar: Awa sekire alamız. (Balalar ken`ligi 60 sm bolg`an salmalardan sekiriw shınıg`ıwın orınlaydı).

Qasqır ha`m olardın` arqasınan sekirmeqshi boladı, ol salmag`a tu`sip ketedi. Balalar qasqırdı qutqarıp aladı. Qasqır balalarg`a ha`m qoyang`a rahmet aytadı. Olar menen «Miywe teremiz» ha`rketli oyının oynaydı.

Oyınnın` barısı: Gimnastika zan`gilerinin` en` joqarsına miywlerdin` suwretleri ilingen bolıp, balalar olardı bir-birewden alıp tusedi.

Ta`rbiyashı: Balalar ko`rdin`izbe, sizler menen tog`ayg`a sayahatqa kelip sonsha tamashalardı ko`rdiq. Endi ballar baqshamızg`a qaytamız. Balalar toparımız ushın tog`ay gullerinen terip alamız.

Balalar guller teredi, iyiskeleydi, gul da`ste tayarlap ju`rip ketedi.